**ÆРДХУАРДÆЙ УÆЗЗАУДÆР УАРГЪ НÆЙЙЕС – АЙДАГЪДÆР ÆЙ ХУАРЗ АДÆЙМАГ ФÆРАЗУЙ!..**



***КОЦОЙТИ Арсен (1872-1944), финсæг, публицист: «Дессаг ба куд нæй, куд æрæгиау базонуй адæймаг, æзнаг ин ка 'й, æма ин æрдхуард ка 'й, уой... Еске хуарздзийнадæбæл бацийнæ кæнун зин æй – изæди зæрдæ гъæуй уой туххæй...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№21 (1037) 2026 анзи 6 июнь – хорхæтæни мæйæ

Аргъ 1 туман


**ХУÆРЗÆГЪДАУДЗИЙНАДÆ АДÆМТИ ЕУ КÆНУЙ, СÆ НИФС УОМÆЙ ÆЙ!..**

## ХÆЛАРДЗИЙНАДИ ФАРНÆ – РÆСТВÆНДАГГÆНÆГ!..




Иристон æма Кæсæг-Балхъари адæмтæ æности дæргъи кæрæдзей хæццæ æнсувæронæй ке цæрунцæ, е зундгонд æй. Нæ еци æнсувæрдзийнадæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ цардгъон æй. Уотæ нæ нури доги дæр, æма уой фæдбæл берæ ирд æвдесæнтæ æрхæссæн ес. Уонæй еу иссæй, мæнæ æрæги Дзæуæгигъæуи ци агъазиау мадзал арæзт æрцудæй, е дæр. Цæйбæрцæбæл ахедгæ рауадæй, уобæл ба дзорæг æй æ ном дæр – «Еудзийнади æма хæлардзийнади нæдтæбæл». Цæгат Иристони цитгин иуазгутæ ба иссæнцæ Кæсæг-Балхъари Республики парламентарийтæ.

Фембæлд кæд æма æнæуой дæр хъæбæр зæрдæмæдзæугæ рауадæй, уæддæр уæлдай цийнаг ба е иссæй, æма еума хатт равдиста, дууæ синхаг республикей адæмтæ цæйбæрцæбæл æновуд æнцæ сæ кæрæдзебæл, цæйбæрцæбæл æхцæуæн син æй сæ алли фембæлд дæр сæ кæрæдзей хæццæ.

Кæсæг-Балхъари Парламенти Сæрдар **Татьянæ Егорова** уой фæдбæл уотæ загъта:

– Аци фембæлд æй нæ лимæндзийнади агъазиау киунуги нæуæг сифæ. Нæ дууæ республики лимæнæй цæрунцæ æности дæргъи. Е æй, аргъ кæмæн нæйййес, уæхæн гъæздугдзийнадæ, æма нæ ихæс æй æ багъæуай кæнун, æма 'й кæстæр фæлтæртæмæ рæсугъдæй раттун. Нæ бастдзийнæдтæ никки федардæр цæмæй кæнонцæ, уомæн агъаз æй, евгъуд анзи ке бафинстан, дууæ парламентей 'хсæн æмгустади еци бадзурд дæр.

Не 'нсувæрон республикæй нæмæ 'рбацæуæг иуазгутæн æгасцæуай зæгъгæй, Цæгат Иристони Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз** дæр баханхæ кодта:

– Дууæ республикемæн сæ арæн еу æй, фал нæ еу кæнуй, тæккæ фиццаг, доги сæрти ка рахизтæй, уæхæн æнсувæрондзийнадæ, лимæндзийнадæ, курухондзийнадæ, уодварни æмхузон хæзнатæ, нæ фидтæлти 'хсарæ. Абони ба еумæ цæрæн, æ берæнацион адæмтæй тухгин ка 'й æма нин еумæйаг хæдзарæ ка иссæй, уæхæн цитгин бæсти, æма æ багъæуай кæнун, рæсугъдæй кæстæртæмæ раттун æй нæ царди устурдæр нисан.


Аци фембæлд-форуми туххæй æрмæг кæсетæ 4-аг фарсбæл.


**НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

**НОМЕРÆН**



## Æ КАДГИН НОМ ИН ИСЦИТГИН КÆНÆН!..

Нæ разагъди лæгтæй еу, **Малити Гадой фурт Геуæргий** райгурдбæл октябри 23-аг бони (зæронд нимадмæ гæсгæ) æнхæст кæнуй авдинсæй анзи (1886-1942). Поэт, прозаик, публицист, æхсæнадон архайæг, е æ уодуæлдай фæллæнттæй æгæрон берæ хуæрзти бацудæй нæ Иристонæн, нæ адæмæн. Æма си фæлтæрæй-фæлтæрмæ хъæбæр ихæсгин ан, æма ин гъæуама аккаг кадæгонд цæуа. Уæлдайдæр ба аци анз – æ юбилеймæ гæсгæ. Фал... Куд уинæн, уотемæй ин нæдæр хецаудзийнади, нæдæр культури министради, нæдæр фингсути Цæдеси 'рдигæй уоййасæбæл неци аразуйнаг æнцæ. Кæд æнцæ, уæддæр нерæнгæ нецима кой райгъустæй се 'рдигæй. Уомæ гæсгæ ба еци ихæс мах, газет «Дигорæ»-йи редакци, есæн нæхемæ æма ин уæддæр нæ газети фæрстæбæл исцитгин кæнæн æ рохс ном. Нæ зæрдæ дарæн уобæл дæр, æма фезгули уодзæнæнцæ нæ дзиллæ дæр. Мах ба абони Малити Геуæргий туххæй бабæй мухур кæнæн (2-аг фарсбæл) еума æрмæг.



## «МÆ ИМОНАУ ÆРДХУАРД, МÆ ЗÆРДТАГОН ИМИСУЙНАГ...»

Уотæ имисидæ Цæгат Иристони адæмон финсæг **Цæгæрати Максим** (1916-1990), нæ номдзуд инæлар **Дзилихти Михали** – сæ сабийдогæй фæстæмæ се 'хсæн федар адтæнцæ лимæн рахастдзийнæдтæ. Æма абони мухур кæнæн, кæддæр Максим е 'рдхуарди туххæй ци имисуйнæгтæ ниффинста, уой. Уомæн ба ес зингæ рæуагæ – æрæги, 20 майи Дзилихти Бæбуй фурт Михали райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма фондзинсæй анзи (1916-1985).


Æрмæг ба кæсетæ 7-аг фарсбæл.



http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

**НАФИТИ Маркс (Одола):** *«Малити Созо куд имисидæ, уотемæй Геуæргимæ ахур кодта. Æма, дан, сувæллæнтти ахурдзийнадæбæл карз адтæй. Фæливд миутæ нæ уарзта, куст гъæуама сайд ма уа, зæгъгæ, дзоридæ. Сайд хецауадæ дæр нæ уарзта, адтæй раст гъуддагбæл дзорæг...»*




# ПОЭЗИЙ СУГЪДÆГ САУÆДОНÆ



**САБАЙТИ Сулейман** (1930-2014),
профессор, поэт, публицист

*– Малити Геуæргий уадзевзитæ 'нцæ тæккæ «бунæй есгæ – сæрæй ахедгæ», адæмон æма адæмæн уарзон. Сæ уедæгтæй ниххизтæнцæ Дигори историй гъæздуг зæнхи, дигорон адæймаги зæрдихатти; уотæ зонгæ, хецон ин æнцæ, уотæ æнæ гурусхæй арази æй лæг сæ хæццæ, æма имæ хатгай, хебæраги сæ аргъаугæй, фæззиннуй уæхæн гъуди, цума куддæриддæр гъудæй, уотемæй хегъæдон цæттæ хæзнатæ кæцæйдæр райвулдæнцæ, рагулф кодтонцæ, уæдта син нæ уæн, кенæ æндæр хузи уæн дæр нæ адтæй.*

Малити Геуæргий исфæлдистадæ æй поэзий сугъдæг сауæдонæ. Нæ номдзуд курухон поэт æхуæдæг хуæнхаг сауæдонæй е 'мдзæвгæ «Дзирасгæ»-йи куд загъта:

*Сур-сур кæнуй Дзирасгæ*
*Зæнхи бунæй рæсог.*
*Гъæйдæ, бæлццон, ниуазгæ,*
*Фетинг кæнæ дæ тог.*
*Æгас дуйне нисгарæ, –*
*Амæн æмбал нæййес.*
*Ниуазгæ, цæй, ме 'нгарæ,*
*Фесæфдзæнæй дæ нез...*

Уоййау æ поэзи дæр игуруй зæрди арф уедæгтæй æма адæймагæн унгæг бони феронх кæнуй æ незтæ, æ катайтæ. Батавуй зæрдæ цидæр æнахур æхцæуæндзийнадæй. Геуæргий поэзий хæццæ еухатт ка базонгæ уа, уомæй некæдбал иронх кæнуй æ рамæлæти уæнгæ дæр. Абони хузæн нур дæр ма цæститæбæл рагъазуй, е 'сфæлдистади хæццæ фиццагидæр куд æма кутемæй базонгæ дæн, е. Уæд Устур Фидибæстон тугъд немуцаг фашистти нихмæ адтæй æ тæккæ карзи. Кæд æгудзæг, тухст дзаман адтæй, уæддæр махæн, Лескени скъолай ахурдзаутæн, нæ уæгæ нæ мардæй колхози саугустити дæр æма ахури дæр. Еуузæхени нин нæ ахургæнæг Сагети Рамазан фегъосун кодта, чиколайаг, Ирæфи районы газет «Социалистон Дигорæ»-йи косæг, æригон поэт Кертанти Тъæхирæй райстон цубур рæстæгмæ æмгъудæй Малити Геуæргий киунугæ «Ирæф» æма уин æй фæсуроктæ бакæсдзæн, зæгъгæ. Уой уæнгæ дæр ма цидæртæ фегъустан нæ хестæр фæлтæрти дзубандитæй Геуæргий алæмæттаг уадзимисти тухххæй æма нин хъæбæр æхцæуæн адтæй еци хабар. Рамазан æй айдагъ литературон къуари иуæнгтæн бакæсунмæ гъавта, уæди рæстæги Геуæргий æхсæдæг дæр æма æ киунугæ дæр ахæст ке адтæнцæ, æнæ еу ести фудгинæй, уомæ гæсгæ. Фал уайтæккæдæр рахабар æй, æма устур къласи къох бакæнæн дæр нæбал адтæй, уой бæрцæ адæм æрæмбурд æй. Нæ зæрдæмæ уотæ хъæбæр фæццудæй, æма 'й къохæй рафинстан цалдæремæй. Уогæ, аци хабари туххæй ма Рамазан æхуæдæг дæр финста айразмæ. Еци киунугæ ма дуккаг хатт дæр нæ къохи бафтудæй уæди рæстæги ахурдзау æма нури зундгонд журналист Амилахуанти Хизири фæрци. Уæддæр бабæй æй къохæй рафинстонцæ беретæ. Цæй медæгæ 'й Геуæргий исфæлдистади еци æхемæ æлвасундзийнадæ, убоæл сагъæс кæнгæй, тæккæ фиццагидæр зæрдæбæл æрлæуунцæ номдзуд В.Г. Белинскийи гъудитæ поэзий туххæй. Кæддæриддæр е литературон уадзимиси асхгиагдæр æма хуæздæр менеугутæй еуебæл, устур искурдиади бæрæггæнæнбæл нимадта æ хумæтæг, æнцон лæдæрундзийнадæ. Æнæмæнгæ, уæхæн искурдиадæй хайгин адтæй Геуæрги дæр. Цийфæнди уадзимис дæр ку райсæн поэти исфæлдистадæй, уæд ин фиццагидæр рахатæн æ хумæтæг æнцон лæдæрæн æма зæллангдзийнади муртæ. Дзурдтæ сауæдони цæхъалти сæр-сæрау, мæлгъи заруни хузæн, зæрбатуги цъæбар-цъубурау æгъзæлунцæ æма зæрдæ агайунцæ. Уæхæн адæмон поэти дæсниадæмæ бæлдтæй æхуæдæг дæр, æма æнæмæнгæ æ къохи бафтудæй еци аџагъуæ. Æрхæсдзæнæн айдагъдæр еунæг цæветтон Геуæргийæн æхе æмдзæвгæ «Тæходуй, æна»-йæй.

*Уæд еугур дуйне*
*Æримбурд уидæ,*
*Мæ цæгъдтæлтæмæ*
*Æригъосидæ.*
*Кæми ци седзæр,*
*Кæми ци мæгур, –*
*Бауарзиунцæ*
*Мæ дессаг фæндур...*

Нæ бон зæгъун æй, поэзи æма музыкæй адæмон исфæлдистади хуæздæр менеугутæ æма адæми рохс бæлдитæ Геуæргий исфæлдистади байеу æнцæ, зæгъгæ. Уой уæлæнхасæн ба ма æ уадзимисти устурдæр ахедундзийнадæ æй сæ арф гъудитæ, зæрдагайæн æнкъарæнтæ æма актуалондзийнади. Цардæй поэт иста æхсæнади сæйраг фарстатæ æма син аргъ кодта демократон цæстингаси бундорбæл æнцойнæ кæнгæй. Е 'сфæлдистади тæккæ зингæдæр бунат ахæссунцæ социалон уавæрти хæццæ æнгом баст фарстатæ. Еци менеуæгæй хайгин æнцæ е 'мдзæвгитæ, поэмитæ æма радзурдтæ сæ еугурдæр. Дзурдæн, райсæн æ фиццагдæр æмдзæвгитæй еу – «Цæхъал» (1907 анз). Уæлæнгай бакастæй бангъæлæн ес, цума æрдзи нивтæбæл финст æй, зæгъгæ. Læмбунæгдæр æркæсгæй ба ами символикон æгъдауæй æвдист цæунцæ хуæнхаг фæллойнæгæнæг адæми унгæг, тухст уавæртæ æма сæребарæмæ бæллундзийнадæ. Поэт мæйи фæлорс рохс хонуй сæребари фæззинд, фал ма уæддæр фæллойнæгæнæг адæм Терки хузæн, унгæг коми ухери кæнгæй, сæ цæстисугтæ æгъзалунцæ:

*Гъулæг неуй дæлбун коми,*
*Æхсæйвон цæхъал,*
*Цæвуй æхе æмир къуми*
*Дорин къæдзæхбæл...*
*Пурф кæнунцæ сæ фурмæстæй*
*Листæг тъингитæ,*
*Цума хауй есге цæстæй*
*Ирд цæстисугтæ.*

Геуæргий исфæлдистади бафеппайæн ес уæхæн хуарз менеуæг. Æрдзæ æма царди фæззиндтитæ ахид фæрсæй-фæрстæмæ æвдесуй аййев нивæфтудти. Еци поэтикон фæззелæни (параллелизм) фæрци адæми унгæг æма тухст цард хуæздæр багъаруй киунугæкæсæгмæ. Æрдзæ цæйбæрцæ рæсугъдæр æма сугъдæгдæр æй, уой бæрцæ бæлвурддæрæй зиннунцæ царди медæгæ галеудзийнæдтæ.

Геуæргий уадзевзитæ 'нцæ тæккæ «бунæй есгæ – сæрæй ахедгæ», адæмон æма адæмæн уарзон. Сæ уедæгтæй нихххизтæнцæ Дигори историй гъæздуг зæнхи, дигорон адæймаги зæрдихатти; уотæ зонгæ, хецон ин æнцæ, уотæ æнæ гурусхæй арази æй лæг сæ хæццæ, æма имæ хатгай, хебæраги сæ аргъаугæй, фæззиннуй уæхæн гъуди, цума куддæриддæр гъудæй, уотемæй хегъæдон цæттæ хæзнатæ кæцæйдæр райвулдæнцæ, рагулф кодтонцæ, уæдта син нæ уæн, кенæ æндæр хузи уæн дæр нæ адтæй. Фал Хуцау лæвар æма цæттæй неци дæттуй. Малити Геуæргийæн е 'стур искурдиадæ – тæрази еу фарсæй, æ еугур цард æма æ бийнонти гъезæмарæ ба иннердигæй æрæвæргæй, – æмуæзæ 'нцæ. Æ тæнæг фæрстæй ин æгъатир карнæ æнхæстæй исласта е 'стур лæгигъæдæ.



**ГАЦОЛАТИ Виктор**
(1916-1994),
инæлар-лейтенант

# ИМИСУЙНАГ АХУРГÆНÆГ

Советон догæ ку ралæудтæй, уæддæр Малити Геуæрги айдагъ æмдзæвгитæ нæ финста дигоронау æма уруссагау, фал кодта ахургæнæги куст дæр. Æ финститæ ин мухур кодтонцæ газет «Рæстдзинад»-и æма æндæр рауагъдæнтти. Уæди цардиуаги уавæртæ æ зæрдæмæ æнхæст нæ цудæнцæ, уомæ гæсгæ ба Дзинагъа æма Гулæри гъæути сабийтæн ци райдайæн скъола адтæй, уоми æрбундорон æй ахургæнæгæй.

Еци рæстæги, 20-аг æнзти æмбеси, æз дæр адтæн æ ахурдзаутæй еу. Æма мæ бон федарæй зæгъун æй: Малити Гадой фурт Геуæрги айдагъ дессаги искурдиадæгин поэт нæ адтæй, фал ма æцæг дæсни педагогон косæг дæр.

Æз ма хуарз гъуди кæнун зæронд, ка фæкъкъолæ 'й, еци къæс. Æмбурд гъæуæй æй цидæр мадзæлттæй барæвдзитæ кодтан. Гъæдин цæгиндзæбæл ауигъд адтæй æфсæйнаги гæппæл, кæций сæумæ еске нихххуайидæ æма еци гъæрмæ мах, бæгъæнвад биццеутæ æма кизгуттæ уадан уордæмæ, нæ къласмæ.

Адтæй си дууæ минкъий къæразги, бадтан, лигъзгонд дæр ка не 'рцудæй, уæхæн фæйнæгутæй конд даргъ стъоли рази къелатæбæл. Райдайиуонцæ ахури надбæл нæ фиццаг къахдзæфтæ. Геуæргий дессаги рæсугъд, æнцон лæдæрæн дзубандимæ игъосгæй нæ æригон уодтæ тæбар-тубур кодтонцæ, еу къахдзæф иннæй фæдбæл, уотемæй нæ худта зонундзийнæдти дуйнемæ.

Ахид нин дзурдта, æрæги ци цаутæ адтæй, уони туххæй. Бæгъатæр керменистти лæгдзийнади хабæрттæ. Нæ уолæфти æстуф дæр нæбал цæуидæ, уотемæй Къесати Колка, Цæголти Геуæрги æма иннæ æскъуæлхт керменистти хабæрттæмæ игъустан хæлеугъæлæстæй.

Геуæрги кæд фулдæр рæстæг лæвар куста куд ахургæнæг уотæ, уæддæр æ кусти рæстæг некæд фæццубур кодта. Мæнæ бабæй райгъустæй æфсæйнаги дæрæгъдзæгæй, фæцæй фæстаг урок. Игъæлдзæг сабийти къуар сæ хъумацин баркъити хæццæ фæхххæлеу æнцæ сæ хæдзæрттæмæ, цæмæй еу-дууæ, æртæ сахаттей фæсте бабæй нæуæгæй æрæмбурд уонцæ скъолай минкъий тургъи.

Еци фæсарæфтон сахæттæ тæккæ фулдæр уарзтан. Уалдзæги æма фæззæги цудан æрдзи гъæбесмæ: кæми Ирæфи билæмæ кенæ гъæди къохмæ, сæрди ба нæ над уидæ Хускъæ адаги гъæдæмæ лискъæфдзауæн. Еуæй-еу хатт нарæг къæдзæ-мæдзæ къахнадбæл исхезианæ Гулæрмæ, кæци лæудтæй кæрзкъæхæни билгæрон.

Ами дæр нæ уолæфт бауорамгæй, нæ сибиртт ма цæуа, зæгъгæ, игъустан нæ уарзон ахургæнæги хабæрттæмæ евгъуд рæстæгутæ æма царди фæдбæл. Фал нин фулдæр ба дзурдта нæ исонибони туххæй, цæхуæн дессаг хуарз уавæрти цæрдзæнæнцæ адæм хуæнхбæсти еуинсæй анзей фæсте.

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, Намуси ордени æртæ къæпхæней кавалер Кадомцев Иван Ивани фурти райгурдбæл 10 июни æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи. Фæстугъд цардæй æма куста Дзæуæгигъæуи.**

## БИЙНОНТИ АБОНИ АМОНДГУН ЦАРД – НÆ ФИДИБÆСТИ ХУÆРЗАЙЙЕВ ИСОНИБОН!..



# САБИЙ РÆВДУДИ ФАГÆЙ ИРÆЗУЙ...

Уæрæсей Федераций Президент **Владимир Путин** сувæллæнттæ гъæуай кæнуни Æхсæндуйнеуон бони Кремли Екатеринаг зали паддзахадон бæрзонд хуæрзеугутæ – орден «Ниййерæги кадæ» æма кадгин ном «Мадæбæгъатæр» – исаккаг кодта нæ бæсти фараст берæсувæллонгин бийнонтæн. Уони ’хсæн адтæнцæ не ’мзæнхонтæ, Рæмони-фурти поселокки цæргутæ **Кæркусти Симæ** æма æ уодæнкъай **Барис**, кæцитæ цардбæллонæй гъомбæл кæнунцæ финддæс сувæллони.

Кремли арæзт цитгин мадзали радзубанди кæнгæй, Кæркусти Симæ зæрдиагæй райарфæ кодта нæ паддзахади разамонæгæн, берæсувæллонгин бийнонти цардиуаги уавæртæ цæмæй зæрдæмæдзæугæ уонцæ, уомæ устур æргом ке æздахуй, уой туххæй. Æ загъдмæ гæсгæ, уæхæн хуæрзауодундзийнадæй æнхæстæй хайгин æнцæ сæ бийнонтæ дæр.

Кæркусти бийнонти ’хсæн ци финддæс сувæллони гъомбæл кæнунцæ, уонæн сæ хестæртæ 22-анздзуд фазæнттæ Давид æма Динæ нийййергутæн агъазгъон æнцæ, кæстæр сабийбæл ба цæуй æртæ анзи.

Уомæн еу æвдесæн: 2017 анзи нæ республики Хецауадæ Кæркусти бийнонтæн равардта, 100 квадратон метри кæми ес, уæхæн æртæуатон фатер .

* * *

Идарддæр ба уæ зонгæ кæнæн, абони сувæллонгин бийнонтæбæл паддзахади ’рдигæй ци ауодундзийнадæ ес, уой туххæй Уæрæсей социалон фонди цæгатиристойнаг хайади прессслужби игъосункæнуйнаги хæццæ.

Амунд хайадæ агъаз кæнуй дæсгай мин сувæллонгин бийнонтæн. Паддзахадæй агъаз райсуни барæ кæмæ ес, уæхæн бийнонти нимæдзæ алли анз фулдæр кæнуй, гъæугæ феддонтæн гæгъæдитæ аразуни гъуддаг ба хумætæгæй-хумæтæгдæр кæнунцæ. Сабийи фæззиндмæ æнгъæлмæ кæсуни рæстæг, уæдта æ райгурди фæсте ниййергутæн федаргонд æрцудæнцæ еурæстæгон æма аллимæйон пособитæ.

Æнгъæлдзаудзийнади рæстæг дæр федæни ниййергутæмæ ес паддзахадæй æхцай агъаз райсуни барæ. Аци рæстæг ниййергутæн байагъаз кæнунæн Социалон фонди хайадæ æнгъæлдзаудзийнадæ æма райгурци фæдбæл пособи исæвæруй. Пособий бæрцæ аразгæ æй мизди бæрцæй. Фонд æнæкосæг силгоймæгтæн пособи исæвæруй федаргонд бæрцæй.

Уомæй уæлдай, федæни ниййергутæмæ ес еумæйаг пособи райсуни барæ дæр. Бийнонти æфтуйæгтæ æма фæккæсуйнагдзийнади къæпхæн нимайгæй, еумæйаг пособи исæвæрунцæ æнгъæлдзаудзийнади дууадæс къуæремæй раздæр номхигъдтæмæ бахæссуни рæстæг. Аци анз феддони бæрцæ мæйæмæ æй 9289-18579 соми. Амунд пособи есунцæ 2200 æнгъæлдзау силгоймаги.

### АХСГИАГ ГЪУДИ

**Владимир ПУТИН:**



– Бийнонти бундор, сувæллæнтти багъæуай кæнун, хестæрти, ниййергути фæллойнæн кадæ кæнун – етæ ’нцæ не ’хсæнадæ нин ка æргом кæнуй æма еу фæлтæрæй иннемæ лæвæрд ка цæуй, размæ цæунмæ нин ка агъаз кæнуй, уæхæн гъуддæгутæ.

Сабийи райгурди фæсте Социалон фонди хайадæ бийнонтæн, се ’фтуйæгти бæрцæ нæ нимайгæй, исæвæруй 28450 сомей бæрцæ еурæстæгон пособи. Аци пособи райсуни барæ ес ниййергутæй еуемæ, кенæдта – евгедгæнæгмæ (опекун). Еци-еу рæстæг кæд цалдæр сувæллони фæззиндтæнцæ, уæд син алкæмæн дæр пособи федунцæ. Аци анз 1,4 мин бийнонтæ сувæллони райгурди рæстæг фæрæзнитæ райстонцæ.

Сувæллонбæл цалинмæ 17 анзи нæ исæнхæст уа, уæдмæ ниййергутæмæ ес сувæллонæн æмбæлгæ еумæйаг пособийæн гæгъæдитæ исаразуни барæ. 107 мин цæгатиристойнаг сувæллонемæй фулдæри ниййергутæ аци пособи есунцæ. Аллимæйон æхцайæй агъази бæрцæ ’й 8267-16534 соми. Бийнонти æфтуйæгтæ æма син сæ есбон нимайгæй, пособи исæвæрунцæ.

Цалинмæ ниййерæг 1,5 анземæй кæстæр сабиймæ зелуни фæдбæл отспуски æй, уæдмæ дæр бийнонтæн аллимæйон пособи федун æнгъезуй. Косунгъон ниййергутæн аци пособий бæрцæ ’й мæйæмæ 10669 сомемæй 83021 сомей уæнгæ. Пособий бæрцæ ’й раздæри дууæ анземæн рæстæмбес мизди 40 процентæ. Ниййерæг æнцойнæ-уагъдæй кустмæ æмгъудæй раздæр кæд рацудæй, уæддæр ин пособи федун æнгъезуй. Æнæкосæг ниййергутæн пособий бæрцæ ’й 10669 соми.

Аци анзи 1 июнæй фæстæмæ архайун райдæдта агъази нæуæг хузæ – 18 анземæй кæстæр тæккæ минкъийдæр дууæ сувæллоней хæццæ (сувæллæнттæ кæд бонæй ахур кæнунцæ, уæдта сæбæл цалинмæ 23 анзи нæ исæнхæст уа, уæдмæ) косæг ниййергутæн бийнонти аллианзон феддон. Бийнонтæн бафедунцæ раздæри анзи туххæй æфтуйагæй физикон еуæгти æфтуйагæн хигъдон хъалони бæрци æма амунд æфтуйаги ’хсæн нимад 6 процентей бæрцæ игъаугидзийнадæ.

Нур берæ æнзти дæргъи ниййерæги капитал нимад æй бийнонтæн агъази хецæн хузæбæл. Программæ архайун ку райдæдта, уæдæй фæстæмæ 90 мин цæгатиристойнаг бийнонти æнцæ сертификатти хецæуттæ.

Аци анз фиццаг сувæллонæн (2020 анзи 1 январæй фæстæмæ ка райгурдæй, уæхæнæн) ниййерæги капитали бæрцæ ’й 728921 соми; дуккаг сувæллонæн (сертификати барæ кæд 2020 анзæй фæстæмæ исæвзурдæй, уæд) – 963243 соми. Дуккаг сувæллони райгурди рæстæг (фиццаг сувæллонæн ниййерæги капитал кæд райстонцæ, уæд) бафтауйнаг æхцай бæрцæ уодзæнæй 234321 соми.

Сертификати фæрæзнитæ бахарз кæнæн ес цæрæнуатон уавæртæ фæххуæздæр кæнунбæл, æмбурдгæнæн пенсибæл, инвалид-сувæллæнттæ æхсæнадæбæл цæмæй исахур уонцæ, уобæл, уæдта æртæ анзей уæнгæ 16534 сомей бæрцæ аллимæйон феддонбæл. 10 мин сомемæй фулдæр ка нæй, ниййерæги капиталæй байзайæг еци хай райсæн ес еурæстæгон феддонæй.

Сувæллонгин бийнонтæн агъази еугур мадзæлтти туххæй бæлвурддæр хабæрттæ базонæн ес Уæрæсей Социалон фонди сайти мæнæ уæхæн сæрмагонд хайади: https://sfr.gov.ru/grazhdanam/semyam s detmi/.

Фарстатæ кæд байзадæнцæ, уæд уæмæ ес Уæрæсей Социалон фонди еумæйаг контакт-центрмæ **8-800-100-00-01** телефонæй лæвар бадзоруни барæ (Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади линий кусти фæткæ: авдисæрæй цуппæрæнмæ – 9.00 сахаттемæй 18.00 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба – 9.00 сахаттемæй 16 сахатти æма 45 минуттей уæнгæ).

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Иристони еугур рауæнтæбæл дæр райгъустæй еу сайæгойи кой. Уæд дин еу бон еци сæйæгой фестæгæй куд цудæй, уотемæй ибæл исæмбалдæй еу бæхгин бæлццон. Кæрæдземæн салам загътонцæ, уæдта бæлццон æ бæхæй æрхизтæй æма ’й фæрсуй:

– Ду, сайæгой, ке фæххонунцæ, е дæ?

– Е дæн... Æма дæ мæ сæр естæмæн багъудæй?

– Дæ сæр мæ нецæмæн багъудæй... Фал, кæд æцæгæй сайæгой дæ, уæд дæ бон исуодзæнæй мæн расайун дæр?

Сайæгой æхе цæбæлдæрти гъудигæнæг искодта, уæдта тухстхузæй загъта:

– Бæргæ дæ бавзаринæ расайун, фал мæ сайæн дзаумæуттæ мæ хæццæ нæ ’нцæ.

– Уобæл ма тухсæ!.. Мæнæ мæ бæхбæл рабадæ æма сæ ’рбадавæ.

– Баруагæс ди уæд, дæу хузæн зундгин лæги расайун мин æнцон нæ уодзæнæй, фал дæ кæд уотæ хъæбæр фæндуй, уæд бавзарæн, – загъта сайæгой, бæхбæл рабадтæй æма рафардæг æй. Бæлццон ма имæ абони дæр æнгъæлмæ кæсуй...

* * *

*Раст гъе уæхæн сайæгойтæ нин иссæнцæ нæ абони цардиуаги кегъæретæ. Уæхæнттæ ке ’нцæ, уой зонгæй, уæддæр сæбæл… æуууæндæн. Зæгъæн, депутаттæ – æвзурстити размæ ци дессæгтæй ба нин зæрдитæ нæ февæрунцæ, цæмæй сæбæл исгъæлæс кæнæн; сæхеуон сæхердигæй куддæр фæууй, уотæ ба си сæ сомитæ феронх унцæ. Мæнæ æрхæстæг кæнунцæ Паддзахадон Думæмæ æвзурститæ – цума циуавæр «ракæндзинан уин»-тæй бабæй нæ сайдзæнæнцæ, уордæмæ ка тундзуй, етæ? Æма сæбæл баууæнддзинан?*



**Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Адæймагмæ хуарз цæстæй ку нæ кæсай, уæд царди дæ ахсгиагдæр ихæс не ’нхæст кæнис...»**

* * *

Аци зундгин загъд бæргæ ку фегъосиуонцæ нæ нури хецаудзийнади бæрзонди бадгутæ, уæд сæмæ, ка ’й зонуй, багъаридæ: сæ ахсгиагдæр ихæс æй адæми хуарздзийнади сæрбæлтау архайун. Уогæ ’й, æвæдзи, зонгæ дæр кæнунцæ, фал – сæ миутæмæ гæсгæ – сæ гъуди æй еугур гæнæнтæй дæр айдагъдæр сæхе хуарзæн пайда кæнунбæл.



**Иван ПАВЛОВ (1849-1936), академик: «Æфхуæрди бунати ка ’й, уæхæнтти уавæр ку фæууинун, уæд мæхемæ куйæгадæ æркæсун, мæрггъæстæ уайдзæф мин æнцойнæ нæбал фæддæттуй, ци фæууон, уой нæбал фæззонун...»**

* * *

Мадта Уæрæсей «демократон цардарæзти» фæрци æнай-æнойти алæмæти бонгин ка рацæй, етæ уомæй уоййасæбæл «æфсæрми» кæнунцæ, æма сæ «фуртухстæй» сæ «æнæхайири» мулкитæ фæсарæнти римæхсунцæ – цæмæй мæстæй ма маронцæ, сæ фудæй мæгурæй-мæгурдæр ци адæм кæнуй, уони?..



**Николай ГУБЕНКО (1941-2020), Уæрæсей адæмон артист: «Æдзæсгонæй ка рабонгин æй, уонæн сæ адæмихатт дæр æма сæ райгурæн бæстæ дæр æнцæ æхца æма æфтуйæгтæ…»**

* * *

Æма нæ бæсти хецаудзийнади, кенæ æндæр «уиндгун» бунæттæ ахæсгутæй нæ Фидибæстæбæл æновуд уни фæдбæл еудадзуг ка къæр-къæр кæнуй, уотемæй ба сæ дзиппити уæрæсейаг паспорти хæццæ дарунцæ фæсарæйнаг, уой дæр нæ нихмæ архайæг паддзахæдти паспорттæ, уони ба куд исхонæн. Дудзæсгæнттæ? Нæ, æвæдзи, растдзæр уодзæнæй – знаггадæгæнгутæ!..

**Номдзуд уруссаг поэт Александр Пушкин райгурдæй 1799 анзи 6 июни. Æма уомæ гæсгæ ба еци бон Уæрæсей бæрæггонд фæццæунцæ Пушкини Бон æма уруссаг æвзаги Бон.**

***Федор ГААЗ (1780-1833), русский врач-гуманист: «Самый верный путь к счастью не в желании быть счастливым, а в том, чтобы делать других счастливыми. Для этого нужно внимать нуждам людей, заботиться о них, не бояться труда, помогая им советом и делом, словом, любить их...»***



**Своими впечатлениями о форуме делятся (слева направо) Борис ЗУМАКУЛОВ, Татьяна ЕГОРОВА и Таймураз ТУСКАЕВ.**



**Участники форума с большим интересом знакомились с материалами приуроченной к этому мероприятию выставки.**

# ДОРОГАМИ ЕДИНСТВА И ДРУЖБЫ – К ЗАВЕТНЫМ ЦЕЛЯМ!..

Приуроченный к Году единства народов России Межрегиональный форум «Дорогами единства и дружбы» был проведен в рамках соглашения о межпарламентском сотрудничестве между Парламентом Кабардино-Балкарской Республики и Парламентом Республики Северная Осетия – Алания. Главная цель форума – развитие и упрочение дружественных связей, сохранения культурного наследия и укрепления межнационального согласия.

Перед началом торжественного открытия форума гости осмотрели выставку народно-художественных промыслов, отражающую самобытную культуру региона. Особый интерес вызвала фотовыставка, где были представлены исторические документы. Экспозиция дала возможность «перелистать» страницы совместной истории двух республик. Главными экспонатами стали архивные материалы и фотоснимки, на которых запечатлены выдающиеся личности и разные события. Представители законодательных органов Кабардино-Балкарии и Северной Осетии и приглашенные гости воздали дань уважения выдающемуся поэту и основоположнику литературного осетинского языка Коста Хетагурова, возложили цветы к его памятнику на Театральной площади.

На торжественной церемонии открытия форума с приветственным словом к его участникам обратилась Председатель Парламента КБР **Татьяна Егорова**:

– История взаимоотношений наших республик, народов, в них проживающих, является ярким, показательным примером дружбы и добрососедства, которая никогда не омрачалась сколь-нибудь заметной размолвкой. Думаю, что даже в общемировой практике таких примеров немного.

Основой этого являются народная мудрость, культурная, духовная близость, уважение и почитание традиций, обычаев друг друга и, конечно, готовность всегда прийти на помощь в трудную минуту. Нынешними глубокими межрегиональными связями и межнациональными отношениями, конечно, мы обязаны и конкретным людям, которые на протяжении совместной истории определяли вектор развития наших братских отношений. И прежде всего, это прежние руководители наших республик **Тимбора Кубатиевич Мальбахов** и **Билар Емазаевич Кабалоев**, это Валерий Мухамедович Коков. Их личная дружба, взаимоуважение, профессиональные, человеческие связи во многом способствовали единению наших народов, взаимопроникновению и взаимообогащению наших культур. Новые страницы наших взаимоотношений писать новым поколениям, но у них есть крепкий фундамент, богатое духовное наследие выдающихся людей, чьими усилиями удалось достигнуть современного уровня единства и согласия между нашими регионами.

И этот уникальный опыт мы должны не просто сохранять – мы должны его развивать, передавать, прививать новым поколениям наших сограждан. Только так мы сможем достичь настоящего успеха и процветания нашей страны. Пусть этот форум станет еще одной, новой страницей кавказского добрососедства и продолжит славные традиции братства наших народов.

Приветствуя делегацию Кабардино-Балкарской Республики, Председатель Парламента РСО – Алания **Таймураз Тускаев** напомнил о нерушимой связи поколений, подчеркнув, что наши предки веками жили в мире и согласии. Даже в самые сложные времена они неизменно находили решения, которые служили развитию народов Кабардино-Балкарии и Северной Осетии.

– Такие уникальные народные институты, как куначество и аталычество, помогали глубже понять культуру и традиции друг друга, формируя единое духовно-нравственное и экономическое пространство, основанное на дружбе и взаимопонимании.

Говоря об истории взаимоотношений двух регионов, Таймураз Тускаев напомнил о судьбоносном выборе, который определил



**Валерий КОКОВ, Билар КАБАЛОЕВ и Тимбора МАЛЬБАХОВ.**

вектор добрососедства на столетия вперед. И выразил уверенность, что сегодняшнее взаимодействие положит начало новым эффективным решениям, укрепит дружеские связи, а также поможет присутствующей молодежи лучше понять своих братьев и сестер, чтобы вместе развивать великую страну.

В ходе встречи отмечено, что общая история народов двух республик обогащается не только значительными событиями, но и выдающимися личностями. Их имена золотыми буквами вписаны в летопись братства Кабардино-Балкарии и Осетии.

Доктор исторических наук, профессор, Уполномоченный по правам человека в КБР **Борис Зумакулов** подчеркнул важность дружбы между народами, проживающими в Кабардино-Балкарии и Северной Осетии, и вспомнил о великих личностях, которые способствовали укреплению единства и братства. Он также отметил, что гордится тесной связью между соседними республиками, и выразил надежду, что традиции, заложенные предшественниками, будут продолжены.

– Кабардинцы, балкарцы, русские – все, кто живет на земле Кабардино-Балкарии, гордятся, что у них есть такой сосед, как Северная Осетия – Алания. И я хочу сказать, что нам есть, чем гордиться, есть, что беречь.

С подробными докладами на форуме выступили депутат Парламента КБР, директор Института гуманитарных исследований – филиала ФГБНУ «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» **Касболат Дзамихов** и доктор исторических наук, профессор и директор Института истории и археологии РСО-Алания **Руслан Бзаров**.

* * *

На состоявшейся в рамках форума встрече с журналистами гости отметили высокую значимость данного мероприятия

Председатель Парламента КБР Татьяна Егорова поделилась мыслями, о том, что народы двух республик не просто соседствуют, а идут рядом плечом к плечу:

Говоря о взаимодействии законодательных органов, Т. Егорова отметила, что парламенты республик плотно сотрудничают и в рамках Совета законодателей РФ, и в Северокавказской Парламентской Ассоциации, однако недавно подписанное Соглашение позволило вывести это сотрудничество на более глубокий, качественный уровень.

– Это уже не только обмен опытом законотворчества и лучшими практиками правоприменения, но и совместные мероприятия. Безусловно, все это способствует нашему дальнейшему сближению, – подчеркнула руководитель законодательного органа КБР, добавив, что у сторон много совместных планов.

Завершая беседу, Татьяна Егорова выразила уверенность, что форум открывает новую страницу в истории кавказского добрососедства и продолжит славные традиции братства народов.

Председатель Комитета Парламента КБР по культуре, развитию гражданского общества и информационной политике **Амырбий Текуев** в ходе пресс-подхода подчеркнул, что братство народов двух республик уходит корнями в глубь истории, о чем и говорили на форуме научные деятели.

По словам А. Текуева, исторически сложившиеся взаимоотношения продолжаются сегодня в том единстве и братстве, которое мы видим. Это, как подчеркнул депутат, четко определяет цели и задачи государственной национальной политики. Он также добавил, что постулаты и заветы предков, традиционные духовно-нравственные ценности очень близки той ментальности и культуре, которые вместе несут народы Северной Осетии и Кабардино-Балкарии.

Заместитель председателя Комитета Парламента КБР по контролю и регламенту и член Комитета Парламента КБР по культуре, развитию гражданского общества и информационной политике **Борис Паштов** подчеркнул:

– Нам, жителям двух республик, есть чем гордиться: многовековой историей дружбы, взаимопомощи, интернациональной дружбы, которая нас действительно скрепляет.

По словам Б. Паштова, нынешняя встреча – еще одно подтверждение приверженности дружбе и братскому общению.

* * *

В рамках форума делегация Парламента Кабардино-Балкарии также посетила Национальный музей Республики Северная Осетия – Алания.

Экспозиция, разместившаяся в десяти залах, последовательно раскрывает его путь сквозь века: от артефактов кобанской культуры и истории Аланского государства до послевоенного восстановления республики и ее современных достижений. Парламентарии увидели уникальные экспонаты «Города мертвых», аутентичные национальные костюмы, материалы о присоединении Осетии к России, а также личные вещи полководцев – уроженцев республики и редкие документы времен Великой Отечественной войны.

В завершение встречи участники форума подчеркнули важность подобных встреч для построения эффективного диалога и совместного решения актуальных вопросов.

Великолепным украшением торжественного мероприятия стал концерт с участием именитых творческих коллективов и ведущих артистов Северной Осетии.




# РÆСТУОД ХÆЛАРДЗИЙНАДÆ ÆНОСТÆМÆ ЦÆРУЙ!..

## ИРИСТОНИ ÆМА КÆСÆГ-БАЛХЪАРИ АДÆМТИ ÆХСÆН ИСТОРИОН РАХАСТДЗИЙНÆДТИ ТУХХÆЙ



**ДЗИДЗОЙТИ Валерий,**
историон наукити доктор, профессор

***– Синхонеуæггæнæг цæгаткавказаг адæмихæттити ’хсæн рахастдзийнæдтæ нуртæккæ ци уавæри ’нцæ, е ба алкæмæн дæр æнæзонгæ нæй. Фал гъуддаг уотæ æй, æма мах гъæуама хуæздæр зонæн нæ адæми уедæгтæ. Æма уой туххæй ба ахур кæнун гъæуй кæсгæнтти, балхъайрæгти, нæ фарсмæ цæрæг æндæр адæмти истори.***

Кавкази адæмтæ, уæлдайдæр ба оссæгтæ (ирæнттæ-дигорæнттæ)[1] æма кæсгæнттæ-балхъайрæгтæ рагæй цæрунцæ фæрсæй-фæрстæмæ. Кæд алли рæстæгути се *хсæн цидæр буцæуттæ-хæлхъойтæ рауайидæ, уæддæр еумæйагæй ба кæрæдземæн уарзон æма хæлар адтæнцæ, æма уомæн ба ес нæ фидтæлтæй нин байзайгæ нисанеуæггин æгъдæуттæ æма фæткитæ.

Рагон дзаманти Кæсæг-Балхъари æма Иристони адæмти ’хсæн еудадзугон æма æнгом бастдзийнæдтæ ке адтæй, уомæн æ бундор федардæр кодта экономикон рахастдзийнæдти фæрци дæр. Фиццагидæр зæгъдзинæн зæнхи туххæй. Хестæртæй куд игъосгæ æрцудан, уотемæй кæддæр ирæнттæ-дигорæнттæ æма балхъайрæгтæ æмхузонæй пайда кодтонцæ, цæйбæрцæбæл хъæрттæнцæ, уой бæрцæбæл хуæнхаг хезæнуæттæй Хъæрæсей. Е нæ, фал ма еумæ бæгъатæр тох исамадтонцæ, аци зæнхитæ фæстæдæр сæхе бакæнунмæ ка гъавта, хуæнхон Дигори еци ездæнтти нихмæ.

Куд зонæн, уотемæй Цæгат Иристони цæгатварс тъæпæнтæ еугурæй дæр адтæнцæ кæсгон æлдæртти къохи. Зæгъæн, Дигори коммæ бацæуæнти хецауеуæг кодтонцæ Мулдартæ, Курттати коммæ хæстæг, нури Дзиуаригъæу кæми æй, е уæди рæстæги хундтæй Барукино æма адтæй Гиляхстанови. Барукинойæй нигулæнæрдæмæ ба – æлдæртти зæнхитæ: Кубатей-кабак, Эльтюхов-кабак, Камбекуков-кабак, Тузаров-кабак æма æндæртæ. Еу дзурдæй, оссæгтæ хуæнхти дæлбазур зæнхитæй пайда кодтонцæ, айдагъдæр кæсгон æлдæрттæй барæ ку райстайуонцæ, уæд.

Цæрæнбæнтти нæ адæм зæнхæбæл ке тухстæнцæ, уой туххæй ба берæ хабæрттæ æримисæн ес. 1755 анзи апърели архимандрит Пахомий паддзахи хецауадæн игъосун кодта, зæгъгæ, оссæгтæ цæрунцæ хуæнхти ’хсæн æнтъунсæги æма хъæбæр лæгъуз, анзæй-анзмæ син хуар нæ фагæ кæнуй, хумгæнди зæнхитæ сæмæ ке нæййес, уой туххæй.

Гъуддаг изолдæр уотæ цудæй æма хуæнхбæсти цæрæг бийнонтæй еуæй-еуетæ бадзурдтæ аразун райдæдтонцæ кæсгон æлдæртти хæццæ æма фæстæдæр раледзиуонцæ будурмæ. Уотемæй фæд-фæди цалдæр дигорон гъæуи исирæзтæнцæ. Зæгъæн, Туйгъанти гъæу – нури Дур-Дур, Хъарадзаути гъæу (Хæзнидон), Кет, Хъæрæгъæц æма æндæртæ. Иристони истори æртасæг профессор Борис Скитский финста, зæгъгæ, Тæгиати зæнхитæ уæлдай фулдæр æфтуйæгтæ хастонцæ. Хабар уотæ адтæй, æма етæ ахæстонцæ, Цæгат Кавказ æма Фæскавказ ка еу кодта, еци сæйраг над – Арвиком. Мадта дигорæнтти зæнхитæн дæр минкъийдæр ахедундзийнадæ нæ адтæй, Фæскавказ æма Кæсæги хæццæ ке базар кодтонцæ, уой туххæй.

Оссæгти хæдзарадон царди фулдæр нисанеуæг адтæй зæнхи кустæн. 1781 анзи уруссаг æфсади афицер Л. Штедери паддзахи хецаудзийнадæ рарвиста Иристонмæ, æма е уотæ финста: «... дзæхæрадæнтти етæ дæр, кæсгæнтти хузæн, зайун кæнунцæ хъæдорæ, турккаг нартихуар, болгæ, хуæргæнæстæ, еугуремæй фудæр ба цъæх тамаку. Еци хуарздзийнæдтæй базар кæнунцæ Мæздæги хæццæ. Етæ хуарз косунцæ сæ хумзæнхити, хуари уæлдæйттæ ба фонсбæл баййевунцæ кæсгæнтти хæццæ…»

Ами нæ изолдæр зæгъун фæндуй: кæд Хуæнхон Иристон æхгæд адтæй XVI-XVIII æности, уæд фæстæдæр уоми цæрæг адæмæн бастдзийнæдтæ ке фæззиндтæй Кæсæги хæццæ, уомæн устур ахедундзийнадæ адтæй. Уæди рæстæги Кæсæг базар кодта Уæрæсей хæццæ, хъиримаг хантæ æма Турки хæццæ. Аллихузон товартæ ба кæрæдземæй минкъий не ’лхæдтонцæ. 1747 анзи уруссаг сæудегерти къуар Хъизларæй æрникки хъæбæрдæр истухгин кæнунæн устур агъаз фæцæй, 1736 анзи сахартæ-федæрттæ Хъизлар æма Мæздæг арæзт ке ’рцудæнцæ, е. Паддзахи хецаудзийнадæ гъавта Цæгат Кавкази экономикæй æнхæстæй испайда кæнун, æма уой туххæй аци цæрæнбунæттæмæ æрветун райдæдта хуæнхæгти, куд бонгинти, уотæ уони дæлбарæ ка адтæй, еци зæнхкосгути дæр. Зæгъæн, 1764 анзи 116 кæсгон бийнонти адтæй Мæздæги. Куд зонæн, уотемæй ами курдбадзи фулдæр косгутæ адтæнцæ оссæгтæ æма черкесæгтæ. Мæздæги алфамбулай исирæзтæнцæ кæсгæнттæ æма, этникон къуар «цъайтæмæ» ка хаудтæй, уæхæн оссæгти еумæйаг гъæутæ. Ами цæрæг сомехæгтæ æма гурдзиæгти хæццæ сæ къохи адтæнцæ Теркæй Сунжи цæугæдони уæнгæ берæ зæнхитæ. Нæуæг æрледзгутæн барæ адтæй æнæ пошлинæй базар кæнун. Куд сæ фæндадтæй, уотæ сæ продукттæ сæребарæй æйййивтонцæ цудæй Кæсæгмæ æма си адтæй 100 адæймаги. Кæд Иристонæн XVIII æноси фиццаг æмбеси бастдзийнæдтæ нæ адтæй Уæрæсей хæццæ, уæддæр Кæсæги зæнхæбæл фадуат адтæй уруссаг сæудегертæ æма гребенскаг хъазахъæгти хæццæ базар кæнунæн. Æхца кæми адтæй, фал оссæгтæ гъæуунхæдзарадон продукттæ æйййивтонцæ хъумацбæл, цæнхæбæл, æфсæйнагæй конд хæдзари дзаумæуттæбæл, хуар æма æндæр товартæбæл.

Зундгонд ахургонд Г. Клапрот 1807-1808-аг æнзти æ киунугæ «Балци Кавказмæ æма Гурдзимæ», зæгъгæ, уоми финста: «Дигорæнттæн сæ бон фæццæрун нæй æнæ Кæсæгæй. Ардигæй алкæд есунцæ цæнхæ, хуар ку не ’рзайуй, уæдта – хуар. Тиллæг не ’рзади цаутæ ба еци уæлхонх бæсти ахид фæуй…»

Идарддæр Кæсæг, Иристон æма Уæрæсей æхсæн базарадæ цæнхæбæл, æфсæйнаг æма æндæр товартæбæл. Фæстæдæр хуæнхæгтæ райдæдтонцæ æхцайæй базар кæнун, æма сæ равналæнтæ бæлвурд фæуурухдæр æнцæ.

Нуртæккæ нæмæ ци историон литературæ ес, уоми бæлвурд амунд цæуй, еуæй-еу хуæнхаг адæмтæ, уой хæццæ оссæгтæ дæр, кæсгон æлдæртти дæлбарæ ке адтæнцæ, е. Борис Скитскийи гъудимæ гæсгæ еци рахастдзийнæдти медес уæхæн адтæй, æма оссаг феодалтæ архайдтонцæ, цæмæй сæ кæсгон æлдæрттæ æма сæ дæлбарæ адæми сæ базури буни бакæнонцæ, гъæуай сæ кæнонцæ, æма уой туххæй ба цæттæ адтæнцæ цийфæнди лæггæдтæ син кæнунмæ дæр. Фал кæсгон æма оссаг адæмти дæлбареуæггæнæг гъæздуг рахастдзийнæдтæ нæ фæззиндтæнцæ дууæ синхаг хуæнхаг адæмти хæлардзийнадæбæл. Кæсæг æма Иристонæн уæди рæстæги адтæй æнгон политикон бастдзийнæдтæ æма XVIII æноси дæр устур агъаз фæцæнцæ оссаг æхсæнæдти æма Уæрæсей рахастдзийнæдтæ хуæздæр кæнунæн.

Фæстæдæр Иристон Уæрæсей хæццæ ке байеу æй, е, куд рабæрæг æй, уотемæй адтæй æнæмæнгæ бакæнуйнаг гъуддаг, æма ибæл рагагъоммæ дини косгутæй арæзт къамис берæ бакуста. Нæ ахургæндтæй берети гъудимæ гæсгæ, уотемæй Уæрæсей хецаудзийнадæ архайдта еци еудзийнади фæрци æ нисантæ Центрон Кавкази царди рауадзунбæл.

Къамис æ архайд райдæдта 1745 анзи æма еудадзуг æнцадæй кæсгон æлдæртти агъазбæл. Иристонмæ ’й рарветуни агъоммæ канцлер А. Бестужев-Рюмин син бафæдзахста, цæмæй пайдагонд æрцæуа кæсгон æлдæрттæ Магомед Атажукин æма Адильгирей Гиляхстанови лæггæдтæй. Бæлвурддæр ку зæгъæн, уæд паддзахи минæвæртти æдасдзийнадæ багъæуай кæнуни туххæй 1744 анзи декабри аргъауæни уæлдæр оргæн (Синод) дини косгутæй арæзт къамиси иуонгтæй алкæмæн дæр равардта финстæгутæ кæсгон æлдæрттæ Адильгирей Гиляхстановмæ, Мудар Жангеровмæ æма Батырмирза Мударовмæ. Амунд ба си адтæй, ци сæ исаразун гъудæй, уони туххæй бæлвурд хабæрттæ.

Хъизлари комендант В. Оболенский 1745 анзи майи Синодмæ фегъосун кодта, зæгъгæ, паддзахи æрвист адæм æрхъæрттæнцæ Кæсæгмæ. Ами къамиси иуонгтæ бафусун кодтонцæ А. Гиляхстановмæ, æма имæ фæцæнцæ цалдæр бони. Саугин Пахомий игъосун кодта: «Адильгирей нæбæл исæмбалдæй устур кади хæццæ, æртæ бони фæцæй мах хæццæ, сауæнгæ ма нæ, Тæтæртуппи ин ци зæнхитæ адтæй, уордæмæ дæр бахъæртун кодта…» Идарддæр Пахомий куд финста, уотемæй 15 майи адтæнцæ Иристони. Уæди рæстæги æлдар А. Гиляхстанови «тæтæртуппаг зæнхитæн» сæ географион уавæрмæ гæсгæ син адтæй ахсгиаг тугъдон-стратегион æма базарадон устур нисанеуæг. Æма уой туххæй аци зæнхити хецауæн XVIII æноси астæу адтæй уæлдай фулдæр кадæ цæгаткавказаг æлдæртти ’хсæн.

6



[1] *РЕДАКЦИЙÆЙ: «Осетины», зæгъгæ, нæ адæми уруссагау номгонд ма мадтæлон æвзагмæ цæмæдæр гæсгæ тæлмацгонд цæуй куд «ирон». Е раст нæй, уомæн æма осетины, зæгъгæ, ку фæззæгъунцæ, уæд уомæй амунд цæуй нæ адæми, гъома, ирæнттæн дæр æма дигорæнттæн дæр сæ еумæйаг ном уруссагау, æма еци еумæйаг ном нæхе мадтæлон æвзагбæл ба растдæр уодзæнæй «оссаг» кенæ «оссæгтæ» хонун. Уомæн бæлвурд бæрæггæнæн æнцæ нæ национ аййевадон литератури бундорæвæргутæй еу, Гурджибети Блашкай æмдзæвгæ «Сæребари манифест»-и мæнæ аци рæнгъитæ дæр: «Оссаг! Раги райстай сæребарæ, Исдæ паддзахæн йевгет…» Мадта уæд цæмæннæ гъæуама уæн арази нæ номдзуд Блашкай гъудий хæццæ. Æма, мах, мæнæ абони ци уац мухур кæнæн, уой уруссаг æвзагæй дигорон æвзагмæ æйййевгæй, номгонд «осетины» тæлмац кæнæн куд «оссæгтæ». Ка ’й зонуй, кадæртæ нæ хæццæ арази нæ уодзæнæнцæ, æма нин уæд етæ ба бæлвурдæй балæдæрун кæнæнтæ: дигорæнтти æнæ неци рæуагæй цæмæннæ гъæуама хононцæ се ’цæг номæй. Уомæй, кадæртæ нæ куд тæрсун кæнунцæ, уотæ нæ адæми – ирæнтти æма дигорæнтти – еудзийнадæ, баруагæс уи уæд, æгириддæр нæ фæккеудзæнæй.*

***Кæсæг-Балхъари æма Иристони исфæлдистадон дзиллити æхсæн рагæйдæр ес федар æма зæрдæхцæуæн рахастдзийнæдтæ. Зæгъæн, æнсувæрти цард кодтонцæ Джусойти Нафи æма Кулиев Хъайсæн. «Æз Хъайсæнмæ дардтон хестæр æнсувæри зæрдæ...» Зæгъун гъæуй уой дæр, æма, Нафи Хъайсæни æмдзæвгитæй ирон æвзагмæ ке ратæлмац кодта, уони 2002 анзи рауагъта хецæн киунугæй...***



# РÆСТУОД ХÆЛАРДЗИЙНАДÆ ÆНОСТÆМÆ ЦÆРУЙ!..

5 Райдайæнæй фæстæмæ оссаг дини косгутæй арæзт къамисæн дæр кæсгæнттæ кодтонцæ ахедгæ агъаз. Аци гъуддагбæл дзорæг æй е дæр, æма Минкъий Кæсæги зæнхæбæл минæвайради косæндонæн бундор æвæрд ке 'рцудæй. Фал 1765 анзи Турк ниццæхгæр æй, зæгъгæ, оссаг хæдзарæн уæн нæййес Кæсæги, е, дан, æй Белградаг бадзурди нихмæ.

Уруссаг-оссаг рахастдзийнæдтæбæл дзоргæй, XVIII æноси уруссаг документон æрмæгути куд финст ес, уотемæй кæсгон бонгинтæ дууетæн дæр кодтонцæ еудадзугон агъаз. Дини косгути Оссаг къамиси поручик А. Бибирюлев 1747 анзи Синодмæ игъосун кодта, Хъизлари федарæй гъæуайгæнгути къуар æрвист ке 'рцудæй саугин Пахомийи Иристонæй Хъизлармæ бахъæртун кæнуни туххæй.

Ælдар Адильгирей Гиляхстанови 'рдигæй ба, дан, агъаз уодзæнæй, уордæмæ игумен Никъала æма е 'нсувæр Кайхосро Махотелови æдасæй исæмбæлун кæнуни фæдбæл. Къамиси разамонгутæ агъаз курдтонцæ Устур Кæсæги бонгинтæй дæр, уæлдайдæр иннетæй нимадидæр æлдар Магомед Кургокинæй.

Уæрæсейаг-иристойнаг рахастдзийнæдтæ фæххуæздæр кæнунæн устур агъаз XVIII æноси фæцæй иристойнаг æхсæнæдти балц Петербургмæ. Æ минæвайрадæ Хъизлармæ надбæл Минкъий Кæсæги æрфусун кодта Анзортæмæ.

Фиццаг иристойнаг минæвайради дзубанди Уæрæсей хецауади хæццæ хуарз æвдесæн æй кæсгон-иристойнаг рахастдзийнæдтæн. 1751 анзи 29 октябри статс-секретарь æма фæсарæйнаг гъуддæгути Коллегий унаффæгæнæг В. Бакунин иристойнаг минæвæртти фембæлди рæстæг фарста æрæвардтонцæ Иристони æндагон политикон уавæри туххæй. Загъд си адтæй: «... етæ кæсгон æлдæртти хæццæ, уæлдайдæр ба Адильгирей Гиляхстанови хæццæ 'нцæ хæлар æма уарзон синхæгтæ. Фудголтæ ку нимпурсунцæ Кæсæги зæнхитæмæ, уæд сæ сувæллæнтти хуæздæр багъæуай кæнуни туххæй æрбарветунцæ Иристонмæ. Æма уой туххæй иристойнæгтæн кæсгæнттæй тæссаг нæй. Сæ еумæйаг нихмæлæуууæг ка 'й, уобæл дзубанди ку рацудæй, уæдта минæвæрттæ байамудтонцæ хъиримаг хантæмæ…»

Дзубандий рæстæг минæвайрадæ байархайдта Иристони хуæнхти цæрæг адæми будурмæ раледзун кæнуни фарста ралух кæнунбæл дæр. Æма уой туххæй æрвист лæгтæ курдтонцæ Уæрæсей хецауадæй, цæмæй син фæййагъаз кæна Фийиагдони æма Æræдони дони фæйнæфарс зæнхитæ раттун «кæсгæнттæ Али Мурзинтæ æма Анзорти гъæутæй 10-15 версти уæлдæр».

Уæди рæстæги Уæрæсе æма Турки рахастдзийнæдтæ вазуггин ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ паддзахи хецауадæ оссæгти курдиадæ нæ исæнхæст кодта будурмæ сæ раледзун кæнуни туххæй. Айдагъдæр син льготитæ лæвæрд æрцудæй Хъæзлар æма Астрахани хæццæ базаради гъуддаги. Бæлвурддæр ку зæгъæн, уæд уæгъдæгонд æрцудæнцæ базаради пошлинитæ федунæй, æма син уæхæн гæгъæдитæ лæвæрд цудæнцæ Хъæзлари.

Канцлер А. Бестужев-Рюмин куд нимадта, уотемæй уруссаг-оссаг рахастдзийнæдтæ райрæзун кæнунæн ахсгиаг уодзæнæй кæсгон æлдæртти цæстингас оссæгтæмæ. 1752 анзи 29 январи феврали финстæг рарвиста Адильгирей Гиляхстановмæ æма си курдта: «... уоми оссæгтæн уæ зæнхитæбæл цæруни барæ ес Хъæзлари базармæ цæунмæ, кенæ æндæр гъуддæгути фæдбæл. Æма уи уой корæг дæн, цæмæй хæларæй цæрайтæ еумæ…» Архимандрит Пахомий ба оссæгтæн зæнхæ раттуни фарста гъæуама фæдзахстайдæ черкесаг æлдар инæлар Елимирзабæл.

Оссæгтæ ку базудтонцæ, æма син зæнхæ Уæрæсей хецауадæ нæ ратдзæнæй будури, уæд еуæйеуетæ сæ царди уагæ сæхуæдтæ аразун райдæдтонцæ. Аци гъуддаги ба, фиццагидæр, фæппайда кодтонцæ сæ зонгæ кæсгон æлдæртти агъазæй. Хуæнхбæстæй гъæугай ледзун райдæдтонцæ будурмæ. Архимандрит Пахомий игъосун кодта, зæгъгæ, раздæр кæсгон æлдар Кисиновмæ Кашкатови ка цардæй, уæхæн дигорон биццеу фæстæдæр æрцардæй, «Дурдурий», ка хуннуй, еци цæугæдон кæми 'й, уоми.

Уæрæсейаг-иристойнаг рахастдзийнæдтæ XVIII æноси 50-60-аг æнзти циуавæр уавæри адтæнцæ, уомæн нæ ахургæндтæ ци хатдзæг искодтонцæ, уотемæй еугур бастдзийнæдтæ дæр федар кодтонцæ, куд экономикон, уотæ политикон бундорбæл дæр. Иристони цæргутæн тагъд рæстæги зæнхæ лæвæрд ке 'рцæудзæнæй будуйрон рауæнти, е син устур нифс адтæй æма зæрдиагæй æнгъæлмæ кастæнцæ еци амондгун рæстæгмæ.

Фал уæддæр юридикон æгъдауæй Иристони æндагон æдасдзийнади фарста лухгонд нæма 'рцудæй. Æма уой туххæй Уæрæсей хецауадæ Иристон гъæуай кæнун кæсгон æлдæрттæн ке бабарæ кодта, уомæн уæди рæстæги устур ахедундзийнадæ адтæй.

Сахар Мæздæгæн 1763 анзи бундор æвæрд ке 'рцудæй, уой фæрци аци региони бæлвурд фæффедардæр æнцæ Уæрæсей тугъдон-политикон арæнтæ. Уруссаг тæвагæ хъæртун райдæдта айдагъ Цæгат Кавказмæ нæ, фал ма бастдзийнæдтæ фæззиндтæй Гурдзий хæццæ дæр. Документтæ куд дзорунцæ, уотемæй минкъий кæсгон æлдар Асланбек Тасолтановæн Уæрæсей хецауадæ алли мæйæ дæр мизд фиста, Гурдзимæ надбæл цæрæг иристойнæгти хæццæ бастдзийнæдтæ ке исаразта, уой туххæй.

Кæсгæнттæ XVIII æноси 60-70-аг æнзти агъазиау агъаз бакодтонцæ, Уæрæсей хецауадæ Иристонмæ ци геологон экспедицитæ исаразта, уонæн дæр. Фæсарæйнаг гъуддæгути Коллеги устур зиндзийнæдтæ æвзурста, уæди рæстæги вазуггин политикон цаути азарæй хузгин згъæртæ агоруни куст лæгъуз ке цудæй хуæнхбæсти, уой туххæй. Астрахани губернатор Н. Бекетовмæ 1767 анзи декабри ци финстæг æрвист æрцудæй, уоми загъд ес, зæгъгæ, Иристони хуæнхон кустуæттæ ку фæззинна, уæд гæнæн ес, æмæ арæзт æрцæудзæнæнцæ æндæр рауæнти дæр, еугур гъуддæгутæ ба, дан, кæсгон адæми барæ бакæнун гъæуй, аци рауæн син кадæ ке ес, уой туххæй.

Фиццаг геологон экспедиций иуонгтæй еу адтæй ротмистр А. Киреев, æма 1768 анзи 21 июни, Иристонмæ ци балци исаразта, уой фæдбæл финста: «... раздæр Минкъий Кæсæги бацудан æлдар Росломбек Таусултановмæ, фал бунати нæ разиндтæй, æма мах дæр уæд æрфусун кодтан æндæр бонгин лæг Бæтæхъо Таусултановмæ. Хуарз нæ исиуазæг кодта, фæстæдæр ба нæ бахъæртун кодта ирон гъæумæ. Ардигæй мах рабалци кодтан Курттати коммæ. Бæтæхъо ба уоми байзадæй.

Иннæ экспедици Иристонмæ арæзт æрцудæй 1771 анзи...» Разамунд ин лæвардта ротмистр А. Батырев æма хуæнхон мастер А. Кирхнер. Экспедиций хæццæ адтæнцæ кæсгæнттæ Давлатухъо æма Бæтæхъо Анзоровтæ, Мисост Дыкинов. Батырев 1771 анзи 2 декабри хецауадæмæ куд игъосун кодта, уотемæй, кæд экспедиций къохи хуарзæй ести бафтудæй, уæд айдагъдæр кæсгæнтти фæрци. Етæ еудадзуг архайдтонцæ уруссаг-оссаг бастдзийнæдтæ аразунбæл æма сæ федар кæнунбæл. Гъуддаг уотæ рауадæй, æма аци экспедиций иуонгти æрахæста Курттати коми цæрæг, номдзуд ирон æлдар Есиати Бахтыгирей, 1769 анзи фæззæги хъазахъæгти тугъдон команди нихмæ тохи е 'нсувæр ке фæммард æй, уой туххæй.

Аци тæссаг уавæр экспедиций куст бакъулумпи кодтайдæ. Фал Бæтæхъо Анзоров æвæстеуатæй дзубанди кæнун райдæдта Есиати Бахтыгирейи хæццæ. Раздæр ци документти кой искодтан, уоми куд финст ес, уотемæй Анзоров Есиай-фурти исарази кодта, цæмæй экспедиций ма багъигæдара. Баругæс æй кодта, еци хабарæн, дан, Уæрæсей хецауадæ неци зонунцæ, уæдта, дан, зиан æрцудæй æнæнгъæлти, æма нур уруссæгти ку нæ рауадзай, уæд дæхуæдæг дæр исонибони уæлдæр хецауадæй æвудæй нæ райервæздзæнæ. Еу дзурдæй, кæсгон хæлар Б. Анзорови агъазæй экспедици идарддæр æ куст кодта.

Ами нæ идарддæр зæгъун фæндуй уой, æма уруссаг-турккаг тугъд (1768-1774 æнзти) æнтæстгинæй рахецæн æй Уæрæсей пайдайæн. Кючук-Кайнарджийскаг бадзурд арæзт æрцудæй, æма нур Иристон Уæрæсей хæццæ байеу кæнуни туххæй еугур цæлхдортæ дæр рагæлдзун багъудæй. Иристойнæгтæн кæсгæнтти хæццæ федар бастдзийнæдтæ ке адтæй, уой туххæй уруссаг хецауадæ лухгондбæл нимадта Иристон Уæрæсей хæццæ байеу кæнуни ахсгиаг фарста.

Уæрæсей фæсарæйнаг гъуддæгути коллегий сæргълæууæг Н. Панин къниаз Г. Потемкинæн игъосун кодта, зæгъгæ, оссæгтæн кæсгон адæми управлений хецау астрахайнаг губернатори хæццæ ес æнæскъунгæ бастдзийнæдтæ, æма дан, кæд еу адæми хæццæ гъуддæгутæ аразæн, уæд иннемæ дæр хæстæгдæр æрбалæууун гъæуй. Уотæ 1774 анзи Цæгат Иристони фулдæр хай бацудæй Уæрæсей искондмæ. Аци цауæн ба устур ахедундзийнадæ адтæй нæ адæми политикон, экономикон æма культурон царди.

Хуæнхон синхонеуæггæнæг адæмти 'хсæн хæлар рахастдзийнæдтæ ке фæззиндтæнцæ, уой фæрци арæзт æрцудæй уони фæллойнæгæнæг дзиллити цæдес. Кæсгон, балхъайраг æма оссаг зæнхкосгутæ еумæ архайун байдæдтонцæ се 'фхуæрæг бонгинти нихмæ. Аци гъуддагæн хуарз æвдесæн æй дигорон зæнхкосгути исистад 1781 анзи. Уæд дигорæнтти хæццæ байеу æнцæ черкестæ æма балхъайрæгтæ, уæлдайдæр ба абæрег Бекбай къуар. Уæди цаути архайдта Л. Штедер æма инæлар Фабрицианæн игъосун кодта, зæгъгæ, Бекба ард бахуардта дигорæнтти хæццæ, байеу æй æхсæнади иуонгти хæццæ, домуй паддзахæн формалон æгъдауæй лæггадæ кæнун, раздæр ба, дан, устур зæрдиагæй службæ кодта Уæрæсей пайдайæн.

Еу æма дууæ хатти синхонеуæггæнæг хуæнхаг адæмтæ не 'рлæууиуонцæ æндагон тухгæнгути нихмæ. 1770 анзи кæсгæнттæ æма оссæгтæй арæзт æрцудæй «Хуæнхон командæ», æма си адтæй 206 адæймаги. Е бацудæй Мæздæги тугъдон гарнизони искондмæ. Уруссаг-турккаг тугъди архайдта фæстæдæр, æма дууæ адæмей фурттæ уоми дæр сæхе равдистонцæ бæгъатæрæй.

Кæсгæнттæ æма оссæгтæ 1774 анзи 3 июни уруссаг æфсæдти хæццæ еумæ Мæздæги бунмæ архайдтонцæ хъиримаг-турккаг æфсæдти нихмæ карз тугъдтити. Г. Потемкини указмæ гæсгæ 80-аг æнзти размæмпурсæг командæ арæзт æрцудæй кæсгæнттæй, оссæгтæ æма мæхъæлæнттæй. Кæсгон инæлар-майор Горичи разамундæй 1784-1791-аг æнзти архайдтонцæ уруссаг-турккаг тугъди, фæстæдæр ба сæхе бæгъатæрæй равдистонцæ шведти нихмæ тугъдон цаути. Еугуремæй хъæбæрдæр ка фескъуæлхтæй, еци хуæнхæгтæ иронхуати нæ байзадæнцæ. Хъубадти Кирманæн лæвæрд æрцудæй майори цин, Туйгъанти Айтег æма Хъайтухъ Байгириев ба иссæнцæ капитантæ.

Раст ку зæгъæн, уæд, Иристон Уæрæсей хæццæ ке байеу æй, уомæн тæккæ агъазиаудæр фæстеугутæй еу адтæй, нæ адæмæн æхе финсуйнадæ ке фæззиндтæй, е.

Е хъæбæр ахсгиаг адтæй, уомæн æма нæ адæмæн ахуради гъуддагæй гъæугæ равгитæ ке нæ адтæй, уой фудæй сæ размæцуд хъæбæр хъоргонд цудæй. Æма син уæхæн равгæ ку фæцæй, уæд уавæр зингæ фендæрхузон æй, куд фæззæгъунцæ, фенхуæрстæй æ цоппайæй. Нæ адæмæн фæззиндтæй фадуат æма зонгæ кæнун райдæдтонцæ фиццагидæр уруссаг ахуради æма культури хæзнати хæццæ.

Фæззиндтæй фадуат, цæмæй нæ адæми цардирахаст, нæ удварнон алæмæтдзийнадæ базононцæ айдагъ Уæрæсей нæ, фал фæсарæнти адæмихæттитæ дæр.

Мадзæлттæ арæзт цудæнцæ айдагъ уруссаг æвзаг æма культурæ нæхемæ æрбахæстæг кæнунæн нæ, фал ма нæ синхаг, уæлдайдæр ба Кæсæги адæмти удварни хæзнатæй хайгонд цудæнцæ нæ адæм, æма уой фæрци ба синхæгти хæлар рахастдзийнæдтæ ирæзтæнцæ.

Синхонеуæггæнæг цæгаткавказаг адæмихæттити 'хсæн рахастдзийнæдтæ нуртæккæ ци уавæри 'нцæ, е ба алкæмæн дæр æнæзонгæ нæй. Фал гъуддаг уотæ æй, æма мах гъæуама хуæздæр зонæн нæ адæми уедæгтæ. Æма уой туххæй ба ахур кæнун гъæуй кæсгæнтти, балхъайрæгти, нæ фарсмæ цæрæг æндæр адæмти истори.

**Уæрæсей Федераций æскъуæлхт артист Цирихати Хъазбеги фурт Петри райгурдбæл 7 июни æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1911-1973). Райгурдæй Будури Дæргъæвси.**

# ДЗИЛИХТИ ИНÆЛАР



ДЗИЛИХТИ Михал

ЦÆГÆРАТИ Максим

## ЦАЛДÆР ДЗУРДИ ÆМГАРИ ТУХХÆЙ

Иригъæуи аргъауæни тургъæ... Нæ разагъди лæгти ингæнтæ. Къоста, Дзанайти Иван, Мамсурати Дæбе, Тæбæхсаути Бало... Нæ инæлартæ, нæ ахургæндтæ, нæ бæгъатæртæ. Иристони кадæ бæрзонд ка исиста, æ хуарзи ном æ фæсте кæмæн байзадæй, етæ.

Исесæн нæ ходтæ, цума син райгъалунæй фæттæрсæн, уоййау гъавгæ цудæй бахезæн тургъæмæ. Æрлæууæн сæ ингæнти рази. Нæ билти 'змæлдæй, нæ арф ниууолæфтæй син фæззæгъæн рохсаг. Сæ ингæнтæбæл син байвæрæн нæуæгтунд дедендутæ...

Фæззигон гъунтъуз бон. Æгъзæлунцæ бæлæсти цъифæ сифтæ. Еу дзæбæх думгæ ма – æма бæлæстæ бæгънæгæй райзайдзæнæнцæ. Иригъæуи къубур æнкъардæй лæудзæнæй, æ сау цирттити хæццæ.

Дзилихти инæлари ингæн... Мæйæ дæр ибæл нæма цæуй. Æ сикъит дæр нæма басор æй. Айдагъдæр æ дедендутæ бампулдæнцæ.

Сæргубурæй лæуун ингæни уæлгъос. Мæ гъудитæ мæ рахастонцæ Хъурупси дони билтæмæ, нæ сабийбонтæмæ. Фиццаг хатт нин нæ хъуртæбæл нæуæгдзаути сурх галстуктæ ку бабастонцæ, еци æнæмæтæ æма арфиаг бæнттæмæ.

Æмгæрттæ адтан Дзилихти Бæбуй фурт Хайлой хæццæ. Уотæ худтонцæ Михали боцæй æ мади номæй. Ахурмæ дæр бацудан еци-еу анз. Æцæг æз сахармæ раздæр рафтудтæн. Педагогон рабфаки еу анз ку исахур кодтон, уæд, кæсун æма дуккаг анз Хайло дæр уоми балæудтæй. Хъæбæр бацийнæ ан кæрæдзебæл. Нæ хуæрдæ, нæ цуд, нæ зæрдибун дзубандитæ бабæй нæуæгæй байеу æнцæ. Хъурупси дони билтæ, гъæуи буни устур æрдозæ, нæ кæсалгахæссæн къотæртæ, «Ири» колхози байрæгутæмæ куд зилдан, етæ бабæй нæуæгæй нæ зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ. Уæдта Нагкий дзæхæрай сурхвазæ фæткъутæ. Сæрдигон изæрти кинойæй ку рацæуианæ, уæд ци зартæ кодтан, етæ...

Хайло сосæггай финста æмдзæвгитæ. Æцæг сæ махæн – Басити Дзаххот, Чехойти Сæрæби, мæнæн – некæд исгъæр кодта, фал æй еуæй-еу хатт рауæйæ кæниуонцæ не 'мдзæвгитæмæ нин ци феппайуйнæгтæ æрхæссидæ, етæ.

Æлвæст, æфснайд лæхъуæн адтæй алкæддæр Хайло. Уотæ дæр мæмæ кæсидæ, цума ин цидæр нæ фагæ кодта. Æ уод – æ цæстæ турникбæл гъазун. Хуæрзконд, федарарæзт дæр уомæн адтæй. Догъи уайунмæ, гъæбесæй хуæцунмæ æ разæй неке уагъта.

Еу фæззæг, æнгъæлдæн, 1937 анзи фæззæги Хайло рабфакмæ нæбал фæззиндтæй. Рацудæй еу-дууæ къуæрей бæрцæ, уотæ нæмæ изæрæй æмдзæрæни æфсæддон дарæси æрбалæудтæй.

– Орджоникидзей æфсæддон училищей курсант Дзилихти Бæбуй фурт Хайло! – сæрæн лæуд æркодта нæ уæлгъос.

– Нæ сосæггай?.. – уайдзæфгæнæгау загъта Дзаххот æма мæн æрдæмæ æрбакастæй.

– Сосæг зар гъæрæй нæ фæккæнунцæ, – бахудтæй е.

Æфсæддон дарæс ибæл уотæ хуарз федудта æма æз мæхе нæбал бауорæдтон:

– Гъæйдæ, уайдзæфтæй нецибал... Хуцау дæ инæлар искæнæд...

– Хуцау зæгъæд! – гъæрæй загътонцæ иннетæ дæр.

Ахид нæбал æмбалдан Хайлой хæццæ, æ тугъдон ахуртæй æй махмæ нæбал евдалдæй. Дзаххот каст фæцæй дууанзон ахургæнгути институт æма косун райдæдта Киристонгъæуи. Ахургæнæгæй куста Сæрæби дæр.

Тугъди размæ Хайло райста командири цин. Æ арæхстдзийнадæ, æ сæрæндзийнадæ æма хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ ке фæцæй каст, уой тухххæй æй ниууагътонцæ училищей.

Фæххецæн нæ кодта Устур Фидибæстон тугъд. Æз рандæ дæн Камышинмæ танкити училищемæ, Хайло ба байзадæй Орджоникидзей æфсæддон училищей. Мæ рандæуни размæ ма имæ училищей рази еу сахатти бæрцæ фæллæудтæн, фенгъæлмæ кастæн, фал Хайло уоми нæ разиндтæй.

Ци нæ дессаг æрцæуй царди! Уой бæрцæ дзиллитæ исистæнтæ, уойбæрцæ нæдтæбæл рапурхæ уæнтæ, æма бустæги æнæнгъæлæги тугъди будури исæмбæлæ дæ хуарз æмбали хæццæ, дæ еунæг æнсувæрбæл! Дессаг ба куд нæй е?!

1942 анзи сентябри фиццаг бæнттæй еу. Бæстæ сугъдæй. Топпихуаси хъуæцæ, дзармадзанти нæрун, хуæдтæхгути еугæндзон гув-гув, бомбити уодласæн æскъот, танкити гæбар-губур, цæфти уæззау гъæрзун... Зæнхæ æмрезæги ризтæй. Арвæй еу гæбазæ дæр нæбал зиндтæй.

Сталингради сугъд будуртæ. Дæргъæй-дæргъæмæ æрхæ. Содзунцæ, сау хъуæцæ калунцæ нæ танкитæ. Дууемæй ма тухамæлттæй фæййервазтан нæ содзгæ танкитæй. Хъуæци бунæй кумæ цæуæн, уой дзæбæх дæр нæ зонæн.

Кадæр мæмæ мæ номæй гъæр кæнуй. Кæд мæ гъостæбæл еци уайуй, зæгъæ, мæ цуди кой кæнун. Дуккаг хатт бабæй мæ гъостæбæл æрцудæй кедæр гъæр. Сагъдæй райзадтæн мæ медбунати.

– Хайло... – Туххæйти ма исфæразтон.

Кæмидæр бабæй хæстæгæй сау хелгути хузæн нискъот кодтонцæ бомбитæ. Зæнхæ нирризтæй. Еуварсæрдæмæ ралигъдан.

– Ардæмæ! – мæ цонгбæл мин фæххуæстæй Хайло æма дууемæй дæр, раздæр бомбæ кæми фехалдæй, уæхæн къахти исмедæг ан.

Еуцæйбæрцæдæр æгуппæгæй райзадан, нæ дзубанди цæмæй райдæдтайанæ, уой нæ зудтан.

Æз цæф нæ адтæн. Æнæ фидбилизæй байзадæй ме 'мбал дæр. Айдагъдæр æ хæдони дустæ æма хæлафи галеу уæрагисæр басугъдæнцæ. Хайло адтæй цæф. Æ цонг бинтæй тухт сауæнгæ æ усхъæй æ арми фæттасæни уæнгæ. Тог си рагъардта. Æ цæсгон ругæ æма хедæй нæ зиндтæй. Æ галеу фæсгъосбæл тоги фæдтæ.

– Кæцæй? – цума немуцаг хуæдтæхгути унгæг гъæрзунмæ игъуста, уоййау хæрдмæ искастæй, уотемæй рафарста Хайло.

– Раст ду кæцæй, æз дæр уордигæй, – æма имæ комкоммæ бакастæн.

– Дæ цонг хъæбæр цæф æй?

– Уомæн бæргæ неци 'й, фал... – æ дзубанди æрдæгбæл раскъудта Хайло æма æ рахес къох æ губунбæл арæхстгай æрхаста, æ хæдони дустæбæл бунмæ æрхуæстæй.

Æ хæдони скъудæй мæмæ цидæр сурх ферттивта. Мæнмæ уотæ фæккастæй, цума æ фарс дæр цæф æй æма æ бæститæ дзæбæхтæ кодта. Цума æ цæфтæ мæнæй римахста.

Хайло тухстæй, тагъд-тагъд дзурдта æ хабæрттæ:

– Тугъди дуккаг бон курдиадæ балæвардтон, тугъдмæ мæ рарвететæ, зæгъгæ. Неци мин си рауадæй. Ниффинстон дуккаг, æртиккаг хатт. Баруагæс ди уæд, мæ цæсгон нæбал хуæстæй гъæунгæмæ рацæун. Сауæнгæ ма мæ кæстæр æнсувæр Аслæнбегмæ дæр комкоммæ бакæсун æфсæрми кодтон. Нæхемæ, Алагирмæ, еу цуд дæр нæ никкодтон. Уæдта... Нæ курсантти ма цалдæр мæйи гъудæй каст фæуунмæ, уотæ нæ еу æхсæвæ раръвдзæ кодтонцæ. Еци-еу цæфæй нæ тугъди исмедæг кодтонцæ. Цалдæр бони немуци размæ еу къахдзæф дæр не 'рбауагътан. Фал танкитæ... Уони нихмæ нæ бон нецибал бацæй... Никки хуæдтæхгутæ... Нæ сæрмæ ауигъдæй лæудтæнцæ. Исистадан, нимпурстан сæ нихмæ. Цалдæр танки си басугътан... Уæдта аци цæф... Ами гъæуама не штаб хæстæг уа... Уордæмæ мæ байервæзун гъæуй... Æнæмæнгæ.

Хайло исистадæй. Æз айдагъдæр уæд бафеппайдтон, æ цæсгон куд ниффæлорс æй, уой.

Кæрæдземæн нихъхъури кодтан. Губур-губурæй, æ рахес фарсбæл æ къохæй хуæстæй, уотемæй фæррæст æй е 'мбал курсанти хæццæ Хайло. Æ хæдони скъудæй ма еу хатт фæззиндтæй еци сурх уадздзаг.

Æмбесæхсæвæ адтайдæ, уотæ тухтæ-фудтæй иссирдтон нæ танкити бригади штаб. Дуккаг бон Хайломæ финстæг рарвистон, æхуæдæг мин ци адрес равардта, уордæмæ. Неци дзуапп мин равардта.

Сталингради бунмæ тугъдитæ уæлахезæй рахецæн æнцæ.

«Нæ, æвгъау æй уæхæн биццеу уотæ раги фесæфунмæ», – гъуди кодтон мæхенимæр æма мæ цæстити рази лæудтæй Хайлой сорæт: саулагъз, сауцæстæ, сауæрфуг, айдагъдæр æфсæддон службæн ка райгурдæй, тугъдон гъуддагæн æ цард ка иснивонд кодта, Орджоникидзей проспекти айдагъ æ еунæг рацудбæл дæр адæм сæ цæстæ кæбæл æвардтонцæ, еци хæларзæрдæ æма хуæрзконд Хайлой сорæт.

Сталингради тугъдтити фæсте Тамбови сахармæ хæстæг гъæди, Тригуляй, зæгъгæ, еу лагери рæстæгмæ нæ фæллад уагътан. Уоми райстон финстæг Хайлойæй. Финста мæмæ:

*Мæлæт нæ фæдыл зилы, –*
*Лæбуры нæм æдзух,*
*Йæ цæвæг нæм ниттилы, –*
*Æрцахсæм ын йæ къух...*

Зæнгиати Бæбуй ма гъуди кæнис? Е Магкæти Ботасæн куд загъта, уотæ мæнæй дæр æмдзæвгитæ финсæг нæ рауадæй. Кæд ма ести ниффинстайнæ, уæддæр нур финсунти рæстæг нæбал æй. Уæлдайдæр мæнæн, æфсæддон лæгæн. Цалдæр боней размæ рацудтæн сæйгæдонæй, мæ цæфтæ æнхæст нæма бадзæбæх æнцæ, заманай лæхъуæнти къуар мин мæ бæрни бакодтонцæ. Дæ зæрдæ мæбæл дарæ, Хърупси ном нæ фегадæ кæндзинан... Ард сæ хæдзари бацæуæд, махæн Сталингради бунмæ дзæбæх радзубанди кæнуни бон ке туххæй нæ фæцæй... Еуæй еци æнæхайири хуæдтæхгутæ, иннемæй ба... Нур дин æй исгъæр кæндзæнæн. Мæхе мæтæ мæмæ уой бæрцæ нæбал адтæй, фал нæ полкки туруса... Æ бунатбæл ку нæ исæмбæла, уомæй тарстæн... Мæ астæубæл тухт адтæй...»

«Мæ астæубæл...» – мæ баухæр нирризтæй еци дууæ дзурдемæй. Нæуæгæй бабæй мæ цæстити рази фестадæнцæ Сталингради бунмæ тогкалæн тугъдтитæ. Хайлой фæлорс цæсгон, æ тогæйдзаг цонг æма æ хæдони бунæй ци сурх уадздзаг зиндтæй, е.

## АЙДАГЪДÆР ЕУНÆГ КЪУÆРЕ АЛАГИРИ

1944 анзи кæрон. Цума дзубанди бакодтан, уотæ æнæнгъæлæги нæ райгурæн гъæу Алагири исæмбалдан цуппар æрдхуардемæй – майор Дзилихти Михайло, дууæ капитани – æз æма Цихити Махар, уæдта хестæр лейтенант Бидети Ислам – ка æфсæддон сæйгæдони фæсте, ка ба цалдæр боней æмгъудмæ.

Мæтъæл бонтæ. Не 'мгæрттæй, нæ хæстæгутæй лæгъуз хабар беретæй исигъустæй. Нæхемæ ци цубур рæстæг адтан, е нин нæ еугур бийнонтæбæл æрзелунæн ке нæ 'сфагæ уодзæнæй, уой зудтан æма æмзундæй баунаффæ кодтан: тæккæ фиццаг бал бабæрæг кæнæн ахур ке хæццæ кодтан, еумæйаг æрдхуæрдтæ нин ка адтæй, уони бийнонти, уæдта хæстæгути. Уогæ уонæн радех кодтан æхсæвтæ.

Абони дæр ма дес кæнун, куд бафæразтан нæ 'мгæртти, не 'рдхуæрдти ниййергути содзгæ цæстисугтæн, сæ хъæболти мæтæй ка батадæй, еци ниййергутæмæ комкоммæ бакæсун. Нæхуæдтæ дæр кæбæл не 'ууæндтан, уæхæн нифситæй ма син бæргæ æлхæдтан сæ рист зæрдитæ. Фал... Фулдæр хатт нæхуæдтæ нæхе сайдтан. Сæ сосæггай тухнихъуæрд кодтан нæ цæстисугтæ. Уæхæн дзаман сæ нартихуари кæрдзини къæбæр, сæ цихти морæ дæр хъури кæми цудайдæ. Алли рæуæнттæй финги къæбæртæ æнæвнæлдæй байзадæнцæ, айдагъ фæйнæ арахъи. Е дæр паддзахади размæ, æ адæми сæрбæлтау æ тог тугъди будури ка калуй, уони цæрæнбони туххæй. Цæмæй нин нæ мæнгæ дзубандитæбæл ма фæггурусхæ адтайуонцæ, уой туххæй.

*Уодзæнæй ма*

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Сиваков Иван Прокофийи фурти райгурдбæл 2 июни исæнхæст æй фондз æма æхсæзинсæй анзи (1901-1944). Тугъди размæ 1926-1932-аг æнзти службæ кодта Дзæуæгигъæуи фестæгæфсæддон скъолай.**

*☺ Изобретатель дивана после него уже ничего не изобрел.*
*☺ Хорошо быть смелым. Но страшно.*
*☺ Вы что-то второй день не ругаетесь. Поссорились, что ли?*
*☺ Хочешь завтрак в постель – спи на кухне.*
*☺ Никого не волнуют твои проблемы. Людям просто интересно, как ты выкрутишься.*

## ЛÆГ ЛÆГИГЪÆДГУН УÆД ИСУЙ, ÆМА ГЪÆЙТТ-МАРДЗÆЙ КУ ФÆЙЙАРХАЙУЙ!..



# ДÆ БАКÆНУЙНАГМÆ МА ЗИЙНАДÆ КÆНÆ!..

*Еу хæдзари киндзæ косуни æгъдауæй æ къох дони дæр некæд ниттилдта: хæдзарæ не 'фснайдта, хуæруйнаг нæ кодта, сæумæй афойнадæбæл некæд исистадæй. Уæд хæдзари хестæртæ – зæронд лæг æма зæронд уосæ – исфæндæ кодтонцæ сæ киндзи бавзарун. Еубон тургъи гъæрæй хилæ кæнунцæ. Сæ хъаугъамæ нæуæг киндзæ уати къæразгæй ракастæй æма сæ фæрсуй:*

*– Цæбæл гъæр кæнетæ?*

*– Мæнæ нæ федауæн, нæ еу дæр «дон æз исдавдзæнæн» зæгъуй, нæ иннæ дæр «нæ, æз исдавдзæнæн» зæгъуй.*

*– Гъома, абони уæ еу исдавæд, исон ба – уæ иннæ, æндæр си æнæ хъаугъайæй хуасæ нæййес, – загъта киндзæ…*

*Аци хабар бакæсгæй, расагъæс кæнай: ду ба дæ аразуйнаг гъуддæгутæ дæхуæдæг æнхæст кæнис, æви еци киндзи хузæн дарис дæхе? Уой исбæлвурд кæнунæн дин, нæ зæрдæ дарæн, еуцæйбæрцæдæр кæд фæййагъаз уиуонцæ, мæнæ абони ци фарстатæ мухур кæнæн, етæ дæр. Уонæбæл дзуапп лæвæрд гъæуама цæуа дууæ хузи: «о» кенæ «нæ». Дзуæппитæн ба (15-аг фарстабæл дзуаппæй уæлдай) аргъгонд цæуй: «о» – дзуаппæн 1 балл, «нæ»-бæл ба – «о», 15-аг фарстабæл ба: «о»-бæл – «о», «нæ»-бæл ба – 1 балл.*

**1.** Тар-талингæ уати ку райзайис, уæлдайдæр ба ма еунæгæй, уæд цæйбæрцæбæл дæ кеми фæуис?

**2.** Уотæ дæмæ кæсуй, æма дæбæл æгæр берæ ихæстæ æвæрд цæуй?

**3.** Дæ алливарс ка ес, етæ дæбæл ци гъуди кæнунцæ, уомæй дин ести игъаугидæр æй æви нæ?

**4.** Телефони æваст нидздзæнгæрæгмæ ахид фестъæлфис?

**5.** Уотид, нецæййаг листæг гъуддæгутæбæл мæтæгæнагæ дæ?

**6.** Де 'нæнездзийнадæбæл мæтæ кæнис?

**7.** Æхцабæл фæммæтæ кæнис?

**8.** Автобуси цæугæй дæ æрлæууæнбæл ку райевгъуйис, уæд уобæл фæгъгъенцъун кæнис?

**9.** Хуссунафони цæбæлдæрти ке фæссагъæс кæнис æма уой фудæй æнæхуссæг ку фæууис, е дæ уодхарæй маруй?

**10.** Хуссæги хуасæ дæ ахид багъæуй?

**11.** Дæхе унгæг уавæри ахид фенгъæлис?

**12.** Мæстгун ку фæккæнис, кенæ естæбæл ку фæттухсис, уæд дæ гъæлæсиуагæбæл тæфсæг бахуæцуй?

**13.** Ахид нифсæрми уис?

**14.** Ахид цæбæлдæрти ке фæммæтæ кæнис, уобæл басæттис?

**15.** Ахид фехæлуй дæ хуарз зæрдиуагæ?

**16.** Уæхæн уавæри ескæд бахауис, æма дæ фуртæссæй дæхе ци фæккæнай, уой нæбал фæззонис?

**17.** Ескæд дæмæ фæззиндтæй, дæ гъуддæгутæ ниггæлдзæ æма ескумæ дæхе райсæ, зæгъгæ, гъуди?

**18.** Уотæ дæр рауайуй, æма тухст уавæри ке бахаудтæ, уомæ гæсгæ дæ бауæр рафаста кенæ дæ æхсæн не 'скуста?

**19.** Гъæр кенæ унæр дæ хъæбæр ахид фæхъхъор кæнуй?

**20.** Дæ гъуддаг ку нæ фæррæстмæ уй, уæд дæ зæрдæн хъæбæр зин фæууй?

**21.** Æрбацæуæни дуар æхгæд æй æви нæ, уой ахид фæббæрæг кæнис ниххуссуни размæ?

**22.** Ести бабадт, кенæ иуазæгуати цæун дæ ку фæгъгъæуй, уæд уобæл хъæбæр фæттухсис?

**23.** Æнцонтæй ниссурх уй дæ цæсгон?

**24.** Æнæзонгæ адæми хæццæ базонгæ ун дæ зæрдæмæ цæуй?

**НУР БА БАЛЛТÆ БАНИМАЙÆН:**

**20-30 баллей уæнгæ.** Дæ зæрдиуагæ æййевгæ 'й, ахид исирайуй дæ маст (рахæлборц уис). Кæсæ хуарз киунугутæ, игъосæ классикон музыкæмæ, – етæ хуарз агъаз æнцæ медбауæри æнцаддзийнадæ иссерунæн.

**10-20 баллей уæнгæ.** Ахид æрбамæстгун уис, фал æгæр ба нæ. Æма е тæссаг нæй.

**5-10 баллей уæнгæ:** Сабур, хебæлхуæцгæ дæ. Дæ фарсмæ ка фæууй, уонæн æнцон æй дæ хæццæ ун.

**5 баллемæй минкъийдæр:** Æгæр бæзцъарæ дæ, дæ зæрди æнкъарæнтæ гæрæнтæгонд æнцæ. Дæхе æнæнездзийнадæн е неци зæран хæссуй, фал дæ фарсмæ ка фæууй, уонæн ба? Уогæ ду уобæл нæ фæммæтæ кæнис!.. Æма Хуцауæй арази!

## СОМЕХАГ ЦЪУХÆЙ АРÆХСТГИН ЛÆГ ПЫЛ-ПУГИЙ ХАБÆРТТÆЙ

# «КЕНÆ ХÆРÆГ МÆЛДЗÆНÆЙ, КЕНÆ...»

Еууæхæни Мæликк Сахназар бадзурдта Пыл-Пугимæ æма ин загъта:

– Пуги, ме 'нæкъæдзелæ хæрæги мин исахур кæнун дæ бон æй?

– Цæмæннæ, Мæликк цæра!

– Уой туххæй дæ цæйбæрцæ рæстæг исхарз кæнун багъæудзæнæй, уæдта дин гъæуама цæйбæрцæ бафедон?

– Мæликк цæра, уой туххæй гъæуй финддæс анзи, уæдта аст пути мæнæуæ.

– Хуарз, арази дæн. Фал мин мæ хæрæгæй ахургонд ку нæ исаразай, уæд дин дæ сæр ракъуæрун кæндзæнæн.

– Хуарз, Мæликк цæра!

Пыл-Пуги хæрæги сæ тургъæмæ ку 'рбатардта æма æ уосæн хабæрттæ ку ракодта, уæд е æ уæргутæ хуайгæй кæун райдæдта, уæдта æ лæгæн лигъстæ кæнун байдæдта, ласæ, дан, æй фæстæмæ æ хецаумæ. Мæликкæй, дан, хатир ракорæ, уомæн æма хæрæгæй ахургонд исаразæн неци хузи ес.

– Нур, не 'фсийнæ цæбæл тухсис, цæбæл? Финддæс анземæ не 'ртемæй еу æнæмæнгæ рамæлдзæнæй: кенæ æз, кенæ хæрæг, кенæ ба Мæликк.

* * *

Мæликк сехуар кодта. Æ рази ин æрæвардтонцæ хургарки фид, æма Мæликк зудæй æхсинун байдæдта æстгутæ.



Еу лæг Пыл-Пугий ездонæй рафарста:

– Пуги, зæгъай мин, дæ хуарзæнхæй, Мæликк фид цæмæннæ хуæруй, æстгутæ цæмæн æхсинуй?

– Æлдæрттæ рагæй дæр æстгутæ æхсинунбæл ахур æнцæ (гъома, мæгур адæми сæ хъалонтæй æстъегъунцæ).

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Географион рауæнти нæмттæ финст кæбæл нæ фæуунцæ, еци географион картæ куд хонунцæ?**

**а)** Къуру. **б)** Къуætти. **в)** Хъæрæу.

**2. «Скульптори алæмæти искурдиадæ имæ уогæй, æ рæстæг гъæуама ма цъæхуæл кæна киной æма театри архайунбæл!..» Уотæ зундгонд актертæй ке туххæй загъта номдзуд испайнаг хузæгæнæг Пабло Пикассо?**

**а)** Жерар Филип. **б)** Филипп Нуаре. **в)** Жан Маре.

**3. Цал гъазти рагъазун багъудæй Англий еугонд команди, цæмæй иссайдæ фиццаг олимпаг чемпион футболæй?**

**а)** Еу. **б)** Фондз. **в)** Дæс.

**4. Номдзуд аргентинаг футболист Диего Марадони къахбæл зундгонд дуйнеуон политиктæй ке сорæт хузæгонд адтæй?**

**а)** Фидель Кастро. **б)** Уго Чавес. **в)** Николас Мадуро.

**5. Советон кино æма театри номдзуд актриситæй ка загъта: «Алкæддæр мин æнæлæдæрд адтæй, адæм мæгурдзийнадæй ке 'фсæрми кæнунцæ æма гъæздугдзийнадæй ба ке не 'фсæрми кæнунцæ, е...»**

а) Фаина Раневская. б) Серафима Бирман. в) Любовь Орлова.

**6. Берæ рæстæгути циуавæр зайæгой Уæрæсей аразтонцæ уотид федауцæн, æ рæзæ ба ин сауæнгæ марггунбæл дæр ма нимадтонцæ, худтонцæ сæ «æрра рæзæ». Нур ба сæ мах ба куд хонæн?**

а) Пъæмидор. б) Мæйболгæ. в) Хъæдорæ.

**7. Номдзуд уруссаг хузæгæнгутæй ке исконд æнцæ «Ирон гъæу зумæги», «Ирон Измаил», «Уосæ паддзах Тамари гæнахи кæлæдздзæгтæ Дайрани коми» æма æндæр кавказаг хузтæ?**

а) Василий Верещагин. б) Орест Кипренский. в) Исаак Левитан.

**8. Иристони фисгутæй ка финста уотæ: «Искурдиадæгин ирон поэт, æмбесонди поэмæ «Æфхуæрдти Хæсанæ»-йи ниффинсæг, Къубалти Александр адтæй хъаурæгин, æргом æма хæларзæрдæ, оптимистон зæрдирахаст кæмæн адтæй, уæхæн адæймаг...»**

а) Къосирати Сæрмæт. б) Гулути Андрей. в) Коцойти Арсен.

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946**.
Тираж **730**. Заказ **№ 1262**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 05.06.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 05.06.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**